


# CHIKRISTU CHICHIPESANA

## NEKUNAMATA ZVIMUPUNZO

 Ichi ndechako. Kanhu kadiki aka ndeka Amai. Ipa icho kuna...?...Uye uite kuti zvinge zvagadzirwa uyezve kadiki aka...?...

Ndinotenda, Hama Neville, Ishe vakuropafadzei.

Mangwanani, shamwari. Mukana wakanaka kudzoka mutabhenakeri zvakare mangwanani ano, ndichinzwa kuvandudzwa uye nezvakanaka. Marimwezuro ndaitotadza kana kutaura. Ndaiva nekautachiona kadiki aka kari kutenderera, munoziva, kanopinda pahuro dzavo uye kovashoshomesa, asi Ishe vakandibatsira uye vakandidzikinura kubva muchinhanho ichocho kuti ndigokwanisa kutaura kwamuri mangwanani ano.

<sup>2</sup> Uye tinofara kuti pane tabhenakeri yakanaka yakazara uye vanhu vakamira. Ndinongoshuva kuti dai taive nezvigaro, uye kuti tigopa vanhu vakamira. Taizofara kana dai taiva nazvo, asi ndinofunga zvese zvakagarwa. Ndinoziva kuti hamungade kuuya kuzogara nevana ava paaritari mofuratira misana yenyu kune rimwe divi.

<sup>3</sup> Zvino, ave mazuva mashoma ndichinzvera panhoroondo, zvino ndafunga kuti pamwe mangwanani ano pane kuti ndiparidze ndaigona kungodzidzisa kwechinguva paShoko raMwari. Uye zvino pamwe tichati nonokei zvishoma, saka ndicha...vamwe venyu vangachinjana neavo vakamira, kana zvimwewo, zvingava zvakanaka chaizvo kana mukakwanisa—kana mukakwanisa kuzviita kuti muvazorodzewo mbichana.

<sup>4</sup> Uye zvino vazhinji veshamwari, veshamwari dzangu vanouya, vamwe vavo vanobva kure-kure kwazvo, zasi kuGeorgia, kumusoro kuOhio, Tennessee, dzingori nzvimbo dzakangosiyana-siyana, Illinois, Missouri, Michigan, vanouya vachidzika zasi kubva kuChicago, vachibvako kuti vangouya kumusangano wepatabhenakeri mudiki seuno. Zvinoita kuti ndipe kutenda kukuru nokuda kwevanhu vakadaro. Uye kwete izvozvo chete, asi ndinoda kutaura izvi, kwete nekuda kwe... asi nokuda kweShoko raMwari: vangada kuita vese vevanhu ava havangouyi chete asi vanouya nezvegumi zvavo pamwe navo kuti vaise muchechi kuti zvibatsire.

<sup>5</sup> Zvino, dzinongori shamwari dzakavimbika. Iwe haungagone kukanganwa vanhu vakadaro.

<sup>6</sup> Uye dzimwe nguva pamwe ndinotaura chimwe chinhu chinovabvarura kuita mamvemve, asi munoona zvazvinoreva ipapo. Mumoyo mako haudi kuzviita, asi zvakadaro pane chimwe Chinhu chinoti, “Iwe . . . zvinofanira kuitwa,” munoona, saka unofanira kuzviita.

<sup>7</sup> Uye kuvaona vachibva kunzvimbo dzese uye—uye vachiedza kushumira Ishe, uyezve nokutenda mushumiro yandakapiwa naShe nekuvimba neni kuti ndiri muranda waVo kuti handizovaudze chimwe chinhu chisiri icho, naizvozvo mukuperera kwekurevesa kwese Ndinofanira kuita chaizvo zvese zvandinoziva nemaitirwo azvo kuti—kuti ndifudze mweya yavanhu ava; ndichiziva kuti havasi kuuya pano kuti vangoonekwa, kutyaira vachiyambuka makomo nezvikomo zvine chando, nekudzika munzira dzakazara nemotokari, uye nevana vavo vachipotsa kudya nekurara, uyezve sutukesi yavo iri kumashure mumota. Zvino, munoziva, izvozvo zvakaoma.

<sup>8</sup> Asi Bhaibheri rakataura pamusoro pevanhu vakadaro, uko muBhuku raVaHebheru, chitsauko 11, “Kunyange nyika haikodzeri vanhu vakadaro.” Ndi—ndiri kutaura kudaro nekuti ndinorevesa mumoyo mangu.

<sup>9</sup> Uye vazhinji vari muno muNew Albany neLouisville, nemunharaunda dzepedyo, zasi muKentucky, nenzvimbo dzakasiyana dzisiri kure-kure, asi zvakadaro vakavimbika kuti vaye, kutyaira nemuchando, nemazaya echando, chero chimwewo hacho, kuti vasvike pano.

<sup>10</sup> Zvino, Svondo inotevera izuva rinoteverwa neKisimusi. Zvino ndaifunga kuti ndaiva . . . ndaive nemharidzo yeKisimusi kuchechi, asi nda—ndakava nekunzwira vana vadiki ava, ndinofanira kuti kana vaka . . . dai ndaizova pano, zvino vana vadiki ava vaizogona kunge, vazhinji vavo vari vekure, vanozopotsa Kisimusi yavo nezvimwe. Saka zvaizoomera vana vadiki ava. Asi tisati taenda . . . Zvino, isu . . .

<sup>11</sup> Ndinoziva kuti isu vanhu vepano hatidzidzise vana vedu ngano dzezvisiko dzakaita saSanta Claus. Isu hatitendi mukuudza chero munhu nhema, saka hamusi kuzonyepera vana venyu. Zvinhu zvakaita saizvozvo, ingano dzinenge chokwadi dzemhando yepamusoro, dzechinhu chakadaro chichitora nzvimbo yaKristu paKisimusi.

<sup>12</sup> Uye Kisimusi yakarasikirwa . . . Kisimusi haichisiri kunamata; yangove mhemberero, kunwa, kutamba njuga, mafaro ekunwa doro, zvangova zvechihedheni kusvika kwekupedzesera. Uye hazvisi . . . Zvino ndanga ndichida ku . . . Pamwe mushure meKisimusi ndichataura zvakare pamusoro peKisimusi, munoona, kuitira kuti zvirege kurozva vadiki . . . Asi hamugone kuudza izvozvo kuvana vadiki zvakadaro. Vanoona vana vadiki pahusiku hweKisimusi vachiwana zvipo zveKisimusi nezvimwe zvakadaro, havazvinzwisise. Maona?

Vangori...vadiki chaizvo. Uye tinofanira kuvarangarira, kuti vaka...kuti vane zvinhu zvavakafanana navo pazviri. Tinofanira kuzvideredza pasi kusvika pakurangarirawo vana vadiki ava, kuti ivo pachavo...

<sup>13</sup> Ndiri ku—kuzhambatata zvakanyanyisa here pairi, hama, ruzha rwakanyanyisa here pairi? Muri kundinzwa zvakanaka here kumashure uko, kumashure-shure uko? Huh? Mirai, ndakamira pedyosa. Ndeipi maiki iri kushanda, dzese dziri mbiri, iyi neiyi? Ndi—ndinofunga kuti ndeiyi iri apo yacho yakanaka. Ndizvo—ndizvo...Zvino, zvakadii izvi, zviri nani here? Zvino zvakanaka, zvakanaka.

<sup>14</sup> Zvino, vana vadiki vanofanira kunzwisisa. Munoziva, va—vana vadiki, uye tinofanira kurangarira kuti takambova vana vadikiwo, zvakare.

<sup>15</sup> Uye ndinorangarira patakanga tiri vana vadiki, vaibuda kunotema gwenzi remusidhari rakare pane imwe nzvimbo, uye amai vaiputitsa maputi voasungirira patambo akakomberedza. Ndizvo kuda zvega zvaive pamuti. Asi masokisi madiki, akasakara aiturikwa ipapo sekunge...Uye, oo, uye pamwe vaizowana ka...pamwe kasaga kadiki kezvihwitsi, zviya zvihwitsi zvidiki zvakaoma, (uye zviviri kana zvitatu kwandiri, nezviviri kana zvitatu kuna Humpy, nezviviri kana zvitatu kuna *uyu*), zvingori zvimeu zvidiki zvezvihwitsi, uye taizvichengeta zuva rose, tichisvisvina pazviri, munoziva. Toputira mukapepa uye toisa muhomwe medu. Uye kana tawana kapfuti kasharu kezvivharo, kana—kana kapito kadiki kekuridza, chaive chinhu chikuru, zvaitifadza.

<sup>16</sup> Nhasi, hongu, zvasiyana. Vanhu varombo vava kubata kamari kakati kuti uye vanako kanokwana kutengera vana vavo zvinhu zvakati wandei, vanopfeka zviri nani, vanodya zviri nani, vanorarama zviri nani. Uye mune zvoze—zvoze hazvo, ndinofunga vari pari nani, uyezve vari pasi pemamiriro emuhoro wanhasi. Saka naizvozvo, vana vadiki, munofanira kuvawanisa chimwe chinhu.

<sup>17</sup> Asi garai muine chokwadi cheizvi, vaudzei kuti hakuna chinhu chakaita saSanta Claus, nekuti hazvina kunaka. Rimwe remazuva ano vachazouya vachiti, “Jesu anopinda papi, zvino?” Maona? Maona? Saka vaudzei Chokwadi, iva wakatendeseka kumunhu wese. Iva Chokwadi. Uye, kunyanya sei, haungaudze vana vako chimwe chinhu chisiri icho, nokuti vanozosimuka vachiti...Vanotenda mauri soMukristu, uye vanoda kuti u... Vanotenda kuti zvaunovaudza iChokwadi. Saka iva nezvokwadi yokuti wavaudza Chokwadi, zvino zvinozobuda zvakanaka.

<sup>18</sup> Zvino, uyezve ndinoda kumbova nehumwezve husiku humwe kana ndiakwanisa, kana zuva, kutabhenakeri, ndisati ndaenda pamakore angu ari kuuya eshumiro...gore rekushumira, waro.

<sup>19</sup> Uye kana kuri kuda kwaMwari, ndinoda kuedza kuwana misangano yakawanda yemhiri kwemakungwa gore rino, nokuti ndine manzwiwo ekudikanwa kwawo. Kunyanya muSwitz-... muSweden neNorway, uye nenyika zhinji dzeScandinavia—dzeScandinavia, nekudzika zasi kuAsia. Ndinonzwa kuti tinofanira kunge tiri mumunamato zvakaperera pamusoro pezvinhu izvi, kuti tinofanira kudzidza nzira yeMweya Mutsvene uye nenzira yaAngatitungamirira nayo, nezvinhu zvatinozofanira kuita.

<sup>20</sup> Mukunzvera munhorondo yekutanga yechechi, bhuku ra Broadbent, neraHazeltine, nezvinyorwa zvavo zvizhinji zvezvavakataura pazviri, *Madzibaba EpaNicaea*... Uye nezuro ndakangopedza zvehupenyu hwose hwaMutsvene Martin uyo chechi yeKatorike yakaramba kumuita mutsvene; Mwari vakazviita izvozvo. Saka vaka... zvehupenyu hwake hukuru, uye kuti zviratidzo neminana zvimwe chete zvakatevera murume uyu nemuhupenyu hwake; kuti akamutsa sei vanhu vaviri vakafa, akadzinga mweya yakaipa, akataura nendimi dzisingazivikanwi, uye akaona zviratidzo nezvimwe, uye aive murume mukuru kwazvo. Asi, zvakadaro, muchakavanzika chesimba rake chaicho chaiva mukuzvininipisa pamberi paMwari. Uye tinooona nhasi kuti chechi, nazvino ichidzidzisa simba rayo nekudzidzisa kuti zviratidzo zvinotevera uyo anotenda, asi tinovawana vachizvitutumadza, “mukuru ndini, mudiki ndiwe,” uye izvozvo, hazvina—zvina kuita seChechi yepakutanga, munooona. Vaive vakazvininipisa, uye vaine mutsa mumwe kune mumwe, vachitapira, vachinzwisisa. Uye zvakatosiyana chaizvo nhasi. Uye handizive kana vuzhinji zveizvi zvisina kutitsautsa kubva pa—pane chakakosha chaicho che—cheMharidzo, chekuti, tinoda kuzvininipisa. Zvichengete iwe... Kuwedzera kuzvininipisa kwose kwaungagona kuva, ndizvo Mwari vanokushandisa zviri nani.

<sup>21</sup> Kudzidza nezvengano dzinotendwa sechokwadi uye nepfungwa dzenhema dzese idzi, Kisimusi pachayo ingano inotendwa sechokwadi. Haisi... Hapana chechokwadi pamusoro peKisimusi. Kisimusi haina kana kumbotaurwa nezvayo muBhaibheri, havana kumbonamata zuva rekuzvarwa kwaKristu. Kwakanga kusina chinhu chakadaro. Idzidziso yeRoma Katorike uye haisi dzidziso yeChikristu, hapana Gwaro razvo muBhaibheri uye mumakore zana okutanga mushure meBhaibheri, munooona, hapana nezvayo. Inongori ngano inotendwa sechokwadi. Santa Claus, zvekutengeserana, zvese, chinhu chacho chese changopedzisira pakuve kuunganidzwa kwezvinhu kukuru.

<sup>22</sup> Kana ukadzoka shure wonzvera matangi azvo wotarisa pasi zvino, unooona patakanga tiri. Hapana chasara, hapana chinogona kubatsira kunze kweKuuya kwaShe. Ndizvo zvoga.

Hapana zvino chingatibatsira kubva munyonganyonga iyi kunze kweKuuya kwaShe.

<sup>23</sup> Aka ndiko here kabhatani kekupepetesa matepi? Ndinofunga ndinofanirwa kupepetesa zvese izvi, nokungorega kuitumira kunze, nekuti zvakakasharara. Asi ndinotaura izvi kuitira...Matepi ari kugadzirwa here zvino? Musatengese matepi aya, munoona, matepi aya haasi kutengeswa. Anogona kupihwa nekutenderedzwa muchechi, kana zvimwe zvakadaro, asi...nokuti zviri...zvinozokonzeresa kuvhiringika, sechokwadi chezviri nyika. Maona? Saka ibatei kusvikira taigadzirisa zvakasiyana.

<sup>24</sup> Zvino, tisati tasvika kumharidzo, uye munhu wese edza kunge uchifunga uye nekunyatsozorora kwese kwaungagona. Ini handisi kuzotora nguva yakareba, asi ndinoda kutora nguva yangu kuti...kunyatsoirovedzera, kuti munyatsa kuzviona. Zvino, regai titange...Zvino, kana zvinhu zvese zvabuda munzira, ndinotenda, kusvika pari zvino pane here... .

<sup>25</sup> [Hama Neville vanoti pane zvimwe zvigaro zviripo—Mupepeti] Hongu, regai madzimai akamira parutivi apo auye kumusoro kuno. Pane nzvimbo kumusoro kuno yenyu imi hanzvadzi. Ehe. Heino imwe iri pano chaipo pamberi apa. Hechino chigaro kumashure kuno. Pane vana pamusoro pano paaritari, kana mumwe munhu achida kusimuka uye mwana mudiki, achipa chigaro chake kune mumwe munhu, mukuru akamira. Nekuti, pane nzvimbo pa—paaritari ipo pano yevana, uye mukuru anogona kuwana chigaro. Madzimai aya akamira kuseri kwembiru uko. Kana mu... .Iri kumashure-shure neche kuno mukona, asi zviri... .zvinokunda kunge wakamira. Kana muchida kumira... .

<sup>26</sup> Hezvino zvimwe papuratifomu. Zvino, vamwe venyu imi hama mungada kuuya kumusoro kuno, vana ava vane... . Hechino chimwe chigere pano padivi paHama Way. Huyai kuno zvino, mutore zvigaro zvenyu ipo pano, kuitira kuti munhu wose...unogona kunge ugere wakadekara, uchinzwa kuti... .itai kuti unzwe zvakanaka wakadekara. Heino nzvimbo ipo pano, Hama Shelby, kumusoro kuno papuratifomu, kana muchida kuuya kumusoro kuno kuzogara pasi pedyo nesu, kumusoro kuno. Uye Hama Evans naHama Charlie, nemi, muri hechino—hechino chigaro pano, uye chimwe chiri pano chaipo, uye zviriviri—zviriviri ipo pano chaipo. Huyai kumusoro kuno chaiko, hama imi munobva ku... .chinguyai kumusoro kuno chaiko, nyatsosunungukai kuitira kuti tigone... .kuita kuti munhu wese agadzikane sezvatingagona kuita kuitira—kuitira shumiro, kuitira kuti murege kuneta nekurukutika nokunge makamira.

<sup>27</sup> Vamwe venyu hama kumashure... .hanzvadzi kumashure-shure muhoru umo, yakamira neche kumashure-shure zasi

muhoro. Muchiri . . . pachine nzvimbo. Hechino chimwe, chituru chepiyano chinogona kushandiswa nemumwe munhu, kana achida kuuya kuzogara pachiri. Zvinenge zvakanaka. Ndiri kuona mudzimai kumashure uko ari kunongedza chigarro chisina munhu padivi pake, saka zvino zvakanaka. Ingoitai kuti munzwe kusununguka sezvamungakwanisa zvino.

<sup>28</sup> Uye zvino tichiri kugadzikana, regai . . . ava kuda maninitsi makumi maviri, maminitsi makumi maviri nematatu tadarika pana ten, pazuva rino regumi nenomwe raZvita. Kunze kuri kunaya, muno muJeffersonville mangwanani ano. Uye—uye hatina kunaka nekunze; asi tinonzwa zvakanaka kwakati, zvakanakisa, tichiziva kuti tave kusvika, paKuuya kwaShe kwave pedyo, uye tave kusvika kuna Ziyendanakuyenda. Uye tinotenda zvikuru kuna Mwari kuti tinokwanisa mangwanani ano kumira nekupa kumutendi, neasingatendi, Shoko raMwari mupenyu. Tichivimba kuti richava zuva guru kwatiri tose kuti tinzwisise zvinhu zvaShe.

<sup>29</sup> Zvino ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana kuti tinamate. Uye takakotamisa misoro yedu, kana paine anoda kurangarirwa, ingosimudza maoko ako kuna Mwari, rangarira chikumbiro chako mumwoyo mako. Ndatenda.

<sup>30</sup> Baba vedu veKudenga, sezvatiri zvino mutabhenakeri, takagara tese, uye mamaikirofonu achishanda, uye marekodha achifamba, uye Makristu achinyengetera, zvikumbiro zvichiziviswa. Uye kwemavhiki maviri kana matatu ndanga ndichingonzvera nezve iyi mharidzo yanhasi. Angori mashoko mashoma angangoshandiswa neMweya Mutsvene kurovedzera chidzidzo ichi mumoyo yevanhu, kuti vagoona nguva yatiri kurarama mairi, uye vogadzirira kusangana naIshe Mwari. Tinonamatira varwere vedu vese nevanotambudzwa kwese-kwese.

<sup>31</sup> O Jesu, rangarirai Chechi yeNyu, Chechi yepasi rose, kwese pasi rose mangwanani ano, vamwe vari kunze mumasango, vamwe vari zasi mumupata wesarudzo, vamwe vavo vari pamusoro pegomo. Uye pasi rose vana veNyu vari kuvimba neMi uye nokudana kwaMuri. Uye saJohane wekare, wepaChitsuwa chePatimosi, akati, “Kunyanze zvino, uyai, Ishe Jesu.”

<sup>32</sup> Uye tinocherechedza kuti hatisi pasina huvepo hwemuvengi, anogara ari pedyo kudzivisa uye nekumisa, uye nekuita chero chaanogona. Asi, O Ishe, ipai vana veNyu kutenda mangwanani ano, simba rekusimuka pamusoro pemuvengi, kuti vazarure mwoyo yavo uye muite mweya yavo ive munda wevhu rakaworera umo mokuti Shoko reUpenyu ridyarwe, rigounza mufaro mukuru negoho guru.

<sup>33</sup> Ndinonamata, Ishe, kuti Muropafadze Shoko reNyu nevaranda veNyu. Ipai rubatsiro kune izwi ranguru risina simba iri kuti ndigone kubata nesimba nechizoro cheMweya Mutsvene.

Zvino mumutsara wekunamatira, ipai simba nekutenda, Ishe, kuti parege kuva nomunhu ane hutera pakati pedu kana tabuda muchivakwa chino. Zviitei, Ishe.

<sup>34</sup> Tinoziva kuti tiri kurarama munguva yekupedzisira. Uye tinoKukumbirai kuti mutiropafadze zvino patiri kuramba takamirira paMuri uye nekuverenga Shoko reNyu. MuZita raJesu tinonamata. Amenii.

<sup>35</sup> Zvino ndichaverenga nzvimbo mbiri kana nhatu muRugwaro, uye sezvandakazivisa Svondo yapfuura kuti nhasi ndichaedza kutaura pamusoro pe: *Chikristu Chichipesana Nekunamata Zvimupunzo*. Uye ndicho chidzidzo chedu chemangwanani ano. Uye, zvino, handisi mudzidzi wezvekunamata, handisi mudzidzi wezveBhaibheri zvachose, ndingori munhu asina kudzidza anongoda Ishe Jesu nemoyo wangu wose. Handizviite mudzidzi webhaibheri kana kuedza kutora nzvimbo yemumwe, asi ndinongoedza nemukuzvininipisa kwemoyo wangu kutsanangura zvinhu izvozvo zvandinonzwa kuti Mweya Mutsvene wazarura kwandiri, uye ndinofanira kupa kuchechechi yangu. Nokuti ndine mungava wekuti chechi ino ikure, kuti chechi ino irurame pamweya. Ndine mungava nayo nekuti chechi ino Mwari vane mungava nayo, uye mungava waVo mungava wangu. Saka ndinofanira kuona nezvazvo.

<sup>36</sup> Ndichiverenga muvanyori venhoroondo vekutanga, vezvaIrenaeus nevamwe, kuti vakachengetedza sei chechi yavo kubva mukusvibiswa nezvinhu zvemunyika, kuti vadzidzisi vakare ava vaimira sei vachinyatsogara neVhangeri iroro. Bhaibheri rakanga risati ranyorwa ipapo muchimiro chaRiri zvino, kwete kusvikira paKuvandudzwa, uye Luther akazoridhindisa. Asi vaiva—vaiva neravaidaidza kuti *Evhangeri nemuApostora. Evhangeri nemuApostora*, uye vakagara naro.

<sup>37</sup> Zvino, panzvimbo dzedu mbiri dzatiri kuda kuverenga mangwanani ano, imwe yacho inowanikwa muBhuku raJeremia, chitsauko 7, uye kutanga nendima 10 kusvika pana 18. Imwe nzvimbo inowanikwa muna Mabasa 7:49. Uye kana muchida kunyora musoro wenyaya weizvi, kana musoro wenyaya kubva pane izvi, Jeremia 7, inenge iri ndima 18. Ndinoda kutanga kuverenga kubva pandima 10.

*Ndokuzouya momira pamberi pangu muimba ino, inodanwa nezita rangu, muchiti, Tasunungurwa kuita izvi zvose zvezvinonyangadza here?*

*Ko imba ino, inodanwa nezita rangu, rava bako ramakororo pamberi pemeso enyu here? Tarirai, ini ndimene ndaona izvozvo, ndizvo zvinotaura JEHOVA.*

*Asi zvino endai kunzvimbo yangu yaiva paShiro, pandakagarisa zita rangu pakutangwa, muone*

*zvandakaitira nokuda kwezvakaipa zvavanhu vangu Israeri.*

*Uye zvino, zvamakaita mabasa aya ose, ndizvo zvinotaura JEHOVHA, ayo ini ndikataura nemi, ndichifumira mangwanani ndichitaura, asi imi mukasanzwa; . . . ndikakudanai, asi mukasapindura;*

*Naizvozvo ndichaitira izvi imba ino, inodanwa nezita rangu, yamunovimba nayo, nenzvimbo yandinokupai imi namadzibaba enyu, sezvandakaitira Shiro.*

*. . . ndichakurasirai kure nemeso angu, . . . ndichange ndarasa hama dzenyu dzose, ndakarasa hama dzenyu dzose, kunyangwe irwo rudzi rwose rwaEfuremu.*

*Naizvozvo iwe chirega kubhadharira vanhu ava, chirega kunyengeterera . . . vanhu ava, uye usadanidzira nokuchema kana minyengetero nokuda kwavo, kana kuvakumbirira kwandiri: nokuti handingakunzwi.*

*Hauoni here zvavanoita muguta raJudha nomunzira dzomuJerusarema here?*

<sup>38</sup> Zvino ndinoda kumbomira ndisati ndaverenga ndima yekupedzisira yeizvi. Regai nditange zvakare izvozvi. Mwari Vachitsiura vanhu ava, uye vachiti, “Usatombovanamatira.” Regai nditange nendima 16 ndiverenge kusvika pa 18 zvino. Nyatsoteererai.

*Naizvozvo chirega kunyengeterera vanhu ava, uye usadanidzira uchichema kana minyengetero nokuda kwavo, kana kukumbira kwandiri: nokuti handingakunzwi.*

*Hauoni here . . . Hauoni here zvavanoita muguta raJudha nomunzira dzomuJerusarema here?*

*Vana vanounganidza huni, . . . madzibaba ndokubatidza moto, uye vakadzi vanokanya hupfu, kuti vabikire mambokadzi vokudenga zvingwa, uye kuti vadirire vamwe vamwari zvipiriso zvekunwa, kuti mundidenhe kuti nditsamwe.*

<sup>39</sup> Zvino, ndinoda kuvhura zvino muBhuku raMabasa, chitsauko 7, uye kutanga nendima 44, nekuverenga kusvika pa 50.

*Madzibaba edu aiva netabhenakeri yohuchapupu murenje, seyavakaraira, vachitaura kunaMosesi, kuti anofanira kuti aiite zvichienderana nomufananidzo waakaona.*

*Iyowo zvakare madzibaba edu vakapinda ndokuiunza naJesu munyika yaMarudzi, avo vakadzingwa naMwari pamberi pemeso edu amadzibaba edu, kusvikira pamazuwa aDhavhidhi;*



*Iye akawana nyasha pamberi paMwari, akashuvira kuwanira Mwari waJakobho tabhanakeri.*

*Asi Soromoni akamuvakira imba.*

*Asi Wokumusorosoro haagari mudzimba dzakavakwa nemaoko; sezvakarehwa nomuporofita achiti,*

*Denga ndicho chigaro changu choushe, nenyika chitsiko chetsoka dzangu: ko muchandivakira imba yakadiniko? ndizvo zvinoreva Ishe: kana nzvimbo yandingazorora pairi ndeipi?*

<sup>40</sup> Zvino, munogona kuona nekuverengwa kweGwaro, kuti, pandiri kuisa pfungwa yangu mangwanani ano, pamusoro pe “kunamata zvimupunzo,” kutanga, pakutanga kwacho. Pane zvishoma zvakanyorwa pamusoro pezve *kunamata zvimupunzo*. Hakuna mabhuku mazhinji anotsanangura kunamata zvimupunzo, kuti kunamata zvimupunzo chii, asi zvakadaro nyika izere nazvo. Ini ndinofunga chikonzero chazvo ndechekuti, ndechekuti hazvina kumbobvira zvanyatsotsanangurwa kuvanhu, vasingazive kuti chingazove chii. Uye wanga uri mukana wangu wakanaka, uye nemukana wangu mukuru muhupenyu hwangu, mukufamba, kuona kumwe kunamata zvimupunzo, kuti ndigoziva kuti chii.

<sup>41</sup> Uyezve mukunzvera zvekunamata zvimupunzo, mavhiki mashoma apfuura, ngano dzinotendwa sechokwadi, ngano dzinotendwa dzechiGiriki nengano dzinotendwa dzechiRoma, zvino zvinondidzosazve kuti ndione kana vachiuraya... vachiramba vakachengeta chinhu chimwe chete ichocho chiri chipenyu, toona kana kunamata zvimupunzo kuchingori sezvachwakanga kuri pakutanga. Nhasi uno mukufamba, ndichiona kunamata zvimupunzo; uye nekuona nzira yazvakatanga nayo, nokuverenga kuti zvakatanga sei kumashure...mumazuva okutanga; ndinoona kuti hazvina kuchinja.

<sup>42</sup> Zvino, ndakambove ndiri kuIndia, India yakazara nekunamata zvimupunzo. Vane vafambi-vepamoto ikoko nevakasiyana...Ndinofunga, mamwe masikati pandakasvika muBombay, ndakavaraidzwa masikati iwayo ne...ndiri... mumwe munhu akandiudza, handaiziva kuti ndiani aive ani, vakanga vari mutemberi yemaJaini. Uye zvakange zviri zvichida zvinamato gumi nezvinomwe kana zvinomwe, zvakasiyana-siyana, uye ndine chokwadi chaicho chekuti zvakanga zviri zvinamato gumi nezvinomwe zvakasiyana zvakasangana neni ipapo mukupikisa Shoko, uye chimwe nechimwe chazvo chichipikisana naKristu zvakasimba. Zvinamato gumi nezvinomwe zvakasiyana! Uye zvakange... Vakaita kuti tibvise shangu dzedu patemberi, ndokupinda, ndokutigarisa pasi pamapiro. Uye zvaizatora nguva refu kuti tipfuure nemuzvitevedzwa zvese izvi (sezvandinovidaidza)

zvatafanira kupfuura nemazviri. Asi meya weguta akatipinza imomo, iye pachake akanga ari muHindu, anova muMohamedhi.

<sup>43</sup> Zvino Mohammed aive muporofita, uye akabva nemudzinza raIshmaeri aivewo mwanakomana waAbrahama.

<sup>44</sup> Uye maiva mudzinza iri uko muvhangeri ane mukurumbira munyika nhasi, kuti, akatiza mumwe wevanhu vavo akamupikisa kuti aite mangange muShoko. Uye, sekuona kwangu, muvhangeri aifanira kunge akati, “Ini handina zvipo zvekuporesa, asi mutumbi wedu wevatendi unazvo. Imi ndipei maawa mashoma, zvino ndigounza mumwe munhu pano.” Maona? Asi, chaizvoizvo, mukuitedza izvoizvo, zvino muvhangeri wacho angadai akazvifumura kumasangano aimutsigira, zvino angadai akabva adzingwa.

<sup>45</sup> Zvino papfungwa yechipiri pazviri, Handitendi kuti ndingadai ndakarega asingatendi uyu achiva nekukunda pamusoro peShoko raMwari. Dai ndakakundwa, ndaizongomira ipapo ndoratidza kuvimba nokutenda kwangu muna Mwari kuti Anoramba ari mumwe chete. Sezvakataurwa nevana vechiHebheru, “Mwari wedu anogona kutinunura kubva muvira remoto iri, asi zvakadaro hatingapfugamiri kuzvimupunzo zvenyu.” Hongu, ndinotenda kuti chingadai chakava chinhu chine hushingi huri nani. Uye zvakare ini. . .

<sup>46</sup> Sezvo ari chiremba wezvidzidzo zvebhaibheri uye achinyatsoziva maMagwaro, sezvaari muvhangeri mukuru, uye ari murume mukuru, ndinotenda kuti ndingadai ndakamupikisa paShoko, kuti Jesu aive Kristu here kana kuti kwete, kana kuti Mohammed aive here muporofita, nekumuratidza neBhaibheri rake. Dai kwaiva kudanwa kwangu (muBhaibheri) sezvazviri muvhangeri uyu, kuzvitsanangura, ndingadai ndakaramba ndakamira ipapo pane kungotiza ndichibva pazviri ndichisuduruka. Zvakaratidza. . . Izvozvo hazviratidzi hushingi chaihwo hweChikristu hunomira ipapo, kurarama kana kufa. Mwari vanokwanisa kununura. Ndinotenda ndingadai ndakamupikisa pane izvozvo.

<sup>47</sup> Asi vanokanganwa kufunga nezveBombay apo murume uye bofu ikoko, vechiMohamedhi, husiku huya akagamuchira kuona kwake mumusangano. Havangambozvitaura izvozvo.

<sup>48</sup> Asi, zvisinei, pavanhu ava, havasi vanyengeri. Vanhu vakaperera, vakangoperera sezvakaita iwe neni, uye dzimwe nguva kupfuura zvatiri muno muAmerica. Havasi vanyengeri. Vanotenda mazviri zvechokwadi uye vanozviita nezvose zviri mavari.

<sup>49</sup> Rega ndikupei chimwe chinhu chidiki pamusoro pekunamata zvimupunzo. Ini ndinokanganwa zita ramwari anova mwari wevanofamba pamoto, asi chivezwa chakakura chine chikuru, chihombe. . .chimwe chinhu chakafanana nechiso chemunhu, chakaita sehuso hwakafanana nechishongo,

chine nzeve dzakakura, huru dzekunzwa zvitadzo zvavo zvose nezvimwe zvakadaro. Uye nemarubhi akakura, kwazvo semhete mune dzacho. . . munzeve dzake pano, iro, rokuti ringangodhura hafu yemiriyoni riri roga, zvichida; kunogona kunge kuri kupima kuri pamusoro, kana kupima kuri pasi. Asi, oo, matombo makuru anokosha muchimupunzo ichi!

<sup>50</sup> Zvino muprista wemutemberi anounza murimi murombo, haafaniri kuva ari. . . angoriwo wemazuva ese, haasungirwe kunge ari mumwe munhu akatsaurwa. Anongova munhuwo zvake, murimi anoda kutenda mwari wake nokuda kwechirimwa chakanaka. Uye, mukuita izvozvo, anoratidza kutenda kwake muna mwari paanouya kutemberi uye anokomborerwa nomuprista wake.

<sup>51</sup> Uye neku. . . achigadzirira kufamba nemudziva remazimbe rakadzika mafiti akawanda uye rakapamhama mafiti mazhinji, uye achifuridzwa nema feni kusvikira ange achena nekupisa. Zvino, izvi handi zvekunyebedzera, ichokwadi. Anoenda pamberi pechimupunzo, oreurura zvivi zvake kumuprisita uyu, uye vobva vamudira mvura; mvura tsvene, nezvimwe zvakadaro, zvinenge zvaropafadzwa nemuprisita.

<sup>52</sup> Uye ipapo, nguva zhinji, vanотора chirauro chikuru, chirauro chehove, chihombe, chakakura, pamwe hafu yeinji kusvika kana zvikamu zvitatu kubva muzvina paku—pakukora, kuenda kubva pa—panobaya kusvika panoperera chirauro. Uye vanoisa kabhora kemvura pachiri, sekachishongo kadiki kepamuti weKisimusi, kabhora kadiki, vobva vakazadza nemvura kuti kareme. Zvino vanотора, chaizvoizvo, zviuru zvazvo vozvikochekera munyama yavo, zvichibudikira kunze. Pazvinopinda, munyama yavo, vozvidhonza, kuti vapinde nomukurwadziwa kukuru kuti vafadze mwari wavo, chimupunzo. Havasi vanyengeri.

<sup>53</sup> Zvino, kazhinji, vanoburitsa rurimi rwavo kunze uye vane kapfumo kane forogo pakari, kuti kapinde neparurimi rwavo nekumusoro mumhuno mavo vozvibatandiza, vanотора shinda vesonandiza muromo wavo pamwe chete kana ivo. . . wakataura zvinhu zvakashata. Uye kutambudzwa kwakadaro!

<sup>54</sup> Zvino vanogara pasi pedyo nedziva guru remoto iri. Vanouraya mbudzi, kunyaradza chimupunzo ichi, kuti vapirise hupenyu nokuda kwezvivi zvavo. Uye munofanirwa kunzwa ru—ruzha rwacho panouraiwa mbudzi iyi. Vanoreurura zvivi zvavo pairi vouraya mbudzi iyi, vachikanda. . . vachitora ropa seyananiso.

<sup>55</sup> Zvino kana mufambi wepamoto uyu, kana akatya obva aita zvekumhanya nemumoto, anozviunzira kushorwa paari. Asi anofanira kufamba zvishoma uye akadzikama nemumazimbe emoto aya. Uye dzimwe nguva anosvika mafiti gumi nemashanu kudzika, mazimbe emoto aya. Uye pamwe gumi nemashanu

pamwe mafiti gumi nemashanu kudzika uye pamwe mayadhi makumi matatu kana makumi mana kureba, uye anenge, oo, pamwe mafiti masere kana gumi paupamhi. Uye akaita kuchena nekupisa. Uye haana chaanenge akapfeka kunze kwejira, rinova jira duku remuchiuno rakamoneredzwa nechepakati pake. Uye anoenda kunze uko aine, akarembere nezvose izvi, achibuda ropa, nezvirauro zvehove nezvese zviri kwese pamuviri wake, anozvipinza mumanyawi anomubata kusvikira ave kubuda masiriri machena mumuromo make.

<sup>56</sup> Zvino heunoi anouya, achifamba nemumoto umu, ofamba achibuda kune rimwe divi, asina kana kumbokuvadzwa zvachose, nemumoto, uye zvichida tsoka dzake dzichinyura *sezvizvi* (makumbo) kudzika mumoto, mafiti maviri kana kudarika paanofamba, achiisa mazimbe matsvuku anopisa aya panyama yake yemunhu, achifamba nemumoto uya uye achibuda kune rimwe divi asina kana kumbokuvadzwa. Waigona kutarisa tsoka dzake, dzisina kumarwa kana kutsva.

<sup>57</sup> Zvino ndakatarisa izvi, uye ndichifunga, kana chibayiro kuchimupunzo chechihedheni, neropa rembudzi, nokutenda mune zvakadaro kuchidzivirira muhedheni pamoto, ko Ropa raJesu Kristu rinozoita zvakadii kumutendi muna Mwari anorarama?

<sup>58</sup> Zvino, kunamata zvimupunzo chinhu chisinganzwisike. Tichidzika nemumazera takava nazvo, kubva kare... ndinofunga, kubva pamavambo enguva. Zvino, hurongwa hwekunamatwa kwezvimupunzo uku ndiye munhu anomisa chimupunzo ichi, anogadzirisa chimupunzo ichi, obva apinda mukati ozvigadzirira iye pachake kunamata kukuru uku. Zvino, anotenda kuti chimupunzo ichi chakaitwa nemufananidzo wemumwe mwari waasingatombo... waasati amboona. Haana chimiro, saka anotenda kuti ari mumufananidzo wechimupunzo chaanogadzira kuna mwari uyu.

<sup>59</sup> Zvino, musarega izvozvo zvichibva pamuri! Uyu “mufananidzo” chiri mumufananidzo wamwari wekufungidzira waanotenda kuti ariko.

<sup>60</sup> Ipapo anoenda pamberi pechimupunzo ichi ozvizambaradza, uye otenda kuti mwari uyu anove munhu asingaoneki anodzika opinda muchimupunzo ichi, uye anotenda kuti anotaura namwari kuburikidza nechimupunzo ichi, kuti mwari iyeye anozviunza muchimupunzo ichi obva amupindura. Uye vazhinji venyu imi vadzidzisi muno vakafunda zveganano dzinotendwa idzi... Kunyange vamwari ivavo, vairwisana pachavo, vanodaro, nezvose, mumazuva iwavo.

<sup>61</sup> Zvino, nemamwe mashoko, mwari anozvishandura kubva pachimiro chake chemweya, opinda muchimupunzo ichi, otaura achipindura munamati kubudikidza nechimupunzo ichi. Uye munamati, ari mune imwe mhando yepfungwa yemanyawi,

anotenda kuti mupunzo uyu unotaura kwaari, kumwoyo wake, uye anoregererwa zvivi zvake nezvimwe zvakawanda-wanda, kuburikidza nechimupunzo ichi, zvinoratidza pachena kuti ndidhiyabhore. Ndidhiyabhore anozviita.

<sup>62</sup> Uye havangori vanongoita zvinhu zvisiri muhurongwa; vamwe vavo vanodaro, asi kune vanamati vechokwadi-chokwadi vezvinhu izvozvo. Semuenzaniso, ndinogona kukuudzai nyaya dzekuti madhimoni aya ari muzvimupunzo izvi anoita zvinhu zvemhando dzose, kuita kuti ropa ribude kubva muzvinhu, nezvimwe zvose. Iwo—iwo atori—iwo atori madhimoni!

<sup>63</sup> Uye kana iwe usingatendi mune...kuti kuna dhiyabhore chaiye, hautendi kuti kuna Mwari. Chokwadi, iwe unofanirwa kutenda zvinopesana zvacho, chakanaka nechakaipa. Saka kuna dhiyabhore chaiye, uye iye munhu. Kwete *pfungwa*, atori *munhu*.

<sup>64</sup> Zvino, pane dzidziso inotenderana naizvozvo inoti, “Dhiyabhore anongova pfu—pfungwa yakaipa yaunoita.” Kwete, kwete, handizvo. Dhiyabhore atori munhu.

<sup>65</sup> Vanhu vamwe chete vanotenda izvo kuti “Mweya Mutsvene unongovawo pfu—pfungwa yakanaka yaunoita.” Asi musatenda izvozvo. Mweya Mutsvene Munhu, ndiYe Munhu waKristu muchimiro cheMweya.

<sup>66</sup> Zvino, vanamati vezvimupunzo ava...Uye magadzirira Magwaro enyu kana kuti nzvimbo dzeMagwaro enyu. Ndi—ndingangotaura nezve mamwe acho munguva shoma, Magwaro, tinogona kuverenga mamwe acho. Zvino, ava vanamati vezvimupunzo, vachizvizvambaradza pamberi pechimupunzo ichi, vanotenda kuti mwari wavari kunamata akamiririrwa muchimupunzo ichi. Zvino, mazvibata here, kuti munamati uyu haasi munyengeri? Ari kutobata chaizvoizvo chimwe chinhu chiri muchimupunzo ichocho, nokuti chinodzoka paari, anoita chimwe chinhu; anochiwana kubva pachimupunzo ichi, anova mwari wekufungidzira, kwete Uyo wemazvirokwazvo.

<sup>67</sup> Uye nguva zhinji dhiyabhore anopinda mune zvinhu izvozvo. Zvino dhiyabhrosi anopinda mumisangano dzimwe nguva onyebedzera kuzviita saMwari. Izvi ndakazviona mushumiro yangu.

<sup>68</sup> Zvino, rangarirai, izvi zvingori...tiri kungodzidzisa mangwanani ano. Uye ndinoda chechi ino, kana ndikabva ndichipinda mushumiro pano kuti ndiende kunze uko muminda yekuvhangeri, Ndinoda kuti mugare nemufundisi wenyu uye mugare neDzidziso yanga ichidzidziswa pano. Garai neShoko iri, musaRisiye! Imi nyatsogarai neShoko zvisinei kuti chii chinouya kana chinoenda, garai neShoko iroro! Maona? Zvino, uye nokuda kwekuti ndaenda...Ndingori mumwe wevafundisi pano. Hama Neville vanodzidzisa zvimwe chete zvandinodzidzisa, saka chingouyai kucheche moteerera kuShoko.

<sup>69</sup> Handizive kwaAchanditungamirira. Ndaudza mudzimai wangu mangwanani patafura, “Pane chimwe chinhu mandiri changa chichidanidzira makore ese aya, Ndiri kuenda kunotsvaga ndione kuti chii.” Zvino, handizivi nzira yaUchatungamira, kwaUchaenda, asi kwaAnonditungamirira ini ndichatevera.

<sup>70</sup> Zvino, kunamata zvimupunzo, kuchiriko nanhasi. Tinoona...Ndinoona vanhu vachiyuya kuaritari, nemashoko akapofomara evadzidzisi mapofu, vanoti, “Ingozvizurura, kanganwa zvimwe zvese, ita kuti pfungwa yako isave nechinhu. Iwe uchava e—Eria. Uchava *izvi, izvo*, kana kuti *zvimwewo*.” Inhema dzakadini! Iwe hauuye kuna Mwari...Ikoko kuvhura mweya wako kune mhando dzese dzemweya yakaipa kuti ipinde. Usaziite izvozvo. Unofanira kurangarira kuti kune dhimoni, uye rinotevedzera Kristu zvakazara, potse.

<sup>71</sup> Ndakanga ndichiverenga mune *Hupenyu hwaMutsvene Martin* imwe nguva yapfuura, kuti pane mukomana, chaizvoizvo aitove muprisita, zvino akati Mwari vakanga vamudaidza kuti ave mumwe wevaporofita vekare, “Nditeererei, ndiri mumwe wevaporofita vekare.” Uye chikoro...Martin, ndizvo, aisateerera kune chinhu chakadaro. Saka havana kuzvitenda nekuti hupenyu hwemukomana uyu hwaisaenderana nazvo. Pakupedzisira akati, “Ndichakuratidzai kuti ndakadanwa kuva muporofita wekare. Angori muchinda wechidiki,” akati, “asi ndakadanwa.”

<sup>72</sup> Munoono, “Zvipo nekudanwa hazvinei nekutendeuka.” Munoono, vanobva paShoko, uye kana uchinge wavba paShoko unopinda mune chinhu chese-chese.

<sup>73</sup> Zvino mukomana uyu akati, “Husiku hwanhasi, neche pakati pahwo, Mwari vachandipa hanzu chena, kuti ndigare pakati penyu mose, kuratidza kuti ndiri muporofita wekare.” Saka vaka...usiku ihwohwo vose vakateerera, uye vachizevezera, “pindai,” nevanhu vari kufamba. Mukomana ndokugamuchira hanzu chena. Mushanyi paakaenda, vakaenda vakatarisa hanzu iyi, yakanga iri hanzu yechokwadi, yemazvirokwazvo, chena, yairatidzika zvakana chese.

<sup>74</sup> Asi, mubhishopi mukweguru, haana kukwanisa kuzvigamuchira. Zvaisataridzika sezvakana, nekuti, hayaivemo muMagwaro (hanzu chena).

<sup>75</sup> Zvino paakadaro, vakati, “Tora hanzu iyi uende unomira pamberi paMutsvene Martin, munhu waMwari uya.” Uye akaramba kuzviita. Akaramba kumira pamberi pemuporofita wechokwadi. Akaramba kumira; zvino vakamumanikidza kuti aziite. Zvino vakati vatanga kuenda naye, hanzu yakanyangadika zvino ikaenda kumwewo, kwavasina kuziva kuti yaendepe. Munoono, kana zvaunzwa pamangange!

<sup>76</sup> Kana iwe uine goridhe rechokwadi haufanirwe kunetseka kuti rakanaka here kana kuti kwete, rinomira pakuyedzwa chero kupi. Uye Mweya waMwari wechokwadi unomira pakuyedzwa nekuti wakayedzwa paShoko raMwari. “Pamusoro pedombo iri ndichavakira Chechi yaNgu.”

<sup>77</sup> Ndakaona vanhu vachibatwa nemamhepo, vanhu vakanaka. (Zvino munoono kuti sei ndisiri kuda kuti iyi—iyi tepi igotengeswa.) Ndakaona vanhu vakanaka, nevanhu vechiPentekosti, vafundisi vakanga vasinganzwisise, vanhu vanobatwa nemamhepo vobva vasvikirwa, nezvimwe zvakadaro, uye—uye vogoita zvinhu, uye pakupedzisira zvonamhanyisa muchipatara chevanopenga. Kwaiva kuzarura mwoyo yavo, vanhu vasina mhosva, zvino madhimoni ndokupinda akagara imomo. Kuna dhiyabhore chaiye!

<sup>78</sup> Ndakanga ndichiverenga apo mumwe akasvika kuna... Ndinotenda kuti aive Irenaeus kana Martin, mumwe wacho, (vamwe vevadzidzi veBhaibheri vanoziva izvi kupfuura ini), akange ane korona yendarama mumusoro wake, akapfeka hanzu chena, neshangu dzakashongedzwa nendarama, akati, “Ndini Kristu, Ndipupure!” Mutsvene uyu akaramba kuzviita. Muprofita chaiye waMwari uyu akamira ipapo, ndokumirira. Zvino vakati kwaari kaviri kana katatu, “Ndini Kristu, Ndipupure!”

Akati, “Kristu wedu haauye nenzira iyoyo.”

<sup>79</sup> Ndizvozvo, unofanira kuziva Shoko! Gara paShoko! Munoono, hondo huru yava pedyo. Zvino, takatamba mahumbwe echechi kwemakore nemakore, asi nguva yasvika zvino apo Jambure naJanisi vachapikisa Mosesi sezvakehwa neBhaibheri kuti vaizodaro. Uye ichave hondo yepamweya, kurwisana. Pachave nevamwe vachangoenderera mberi, chechi yesangano ichangofamba ichienda mberi ichipinda mukutonga yoenderera mberi nenzira yainoenda nayo. Asi ndinoreva kuti mutendi chaiye wechokwadi ari kuuya kunzvimbo iyoyo yokurwira hondo, uye zviri nani wava nezivo uye uchiziva zvaUri kuita, nokuti onogona kutora mweya wakaipa zviri nyore uye usingazive. Kana zvichipesana neShoko iri, usazvitenda! Gara neShoko iroro!

<sup>80</sup> Kunamata zvimupunzo, kunamata zvimupunzo ndekwekare, ndekwekare muno muUnited States. Uye makore apfuura, maPueblo India, uye kunze kuArizona, vaiva nekunamatwa kwezvimupunzo. Uye, vaiva, ivo—ivo vaiva namwari wemvura inonaya. Uye chimwari chemvura chakanga chiri...vaitora ka—kamba yemumatope, uye vaiumba mufananidzo wekamba yemumatope. Zvino vaiisa mavara-mavara pairi sokunge yabuda kubva mumatope. Uye vaizvikandira pamberi pekamba yemumatope iyi, vachitenda kuti kwaiva namwari wemvura inonaya aiuya

muchigoko chekamba iyi yemumatope otaura navo nemukamba yemumatope iyi. Nokuti vaitenda kuti...yaigara mumatope nemakanyorova, zvino yakanga iri mwari pamusoro pazvo. Vaiva vane...ingano inotendwa sechokwadi, kungori ku—kutenda kwekabanga kwekuti ichokwadi.

<sup>81</sup> Zvino, uye vainamata madhimoni mukudaro. Kunamata kamba yemumatope, vachifunga kuti ndimwari wemvura inonaya, vaiunza mweya pavari, chokwadi, nokuti vakazarura mwoyo yavo kwauri. Asi wakanga uri mweya usiriwo!

<sup>82</sup> Vanhu vazhinji nhasi vari kuzarura mwoyo yavo kuchinhu chisiri icho! Unowana mweya zvakanaka, asi nguva zhinji unopesana neShoko, uchiti, “Mazuva ezvishamiso akapfuura! Hakuna chinhu chakaita se *ichi* kana *icho*.” Rangarirai, ndidhiyabhore akavanda pasi peChikristu. Mwari vatibatsire kana tapinda munyaya iyi mushure mechinguva, kuti mugozviona, munoono, kuti mweya wetsvina wakavanda neChikristu. Asi hausi Mweya waKristu, nokuti Mweya waKristu unouya kuShoko nguva dzose. Haakwanise kuramba Shoko raKe pachaKe.

<sup>83</sup> Zvino, Chikristu pachakasvika kuRoma, Roma, muguta chairo reRoma, yakanga ine mazana mana ematemberi ezvinamato zvechihedheni mukati merusvingo rwakareba mamaira manomwe. Mazana mana ematemberi ezvinamato zvechihedheni, uye aive evanamwari navanamwarikadzi. *Vanamwari navanamwarikadzi*, “vakadzi nevarume.” Vanamwari, mazana mana akasiyana. Imbozvifungaiwo, mazana mana!

<sup>84</sup> Zvino, ndizvo zvakananikwa naPauro paakauya kuRoma. Ndizvo zvaiva naAkwira naPrisira pavakatumba kubva paPentekosti ndokutanga chechi muRoma; ndizvo zvavakasvika mazviri, kunamata zvimupunzo kwechihedheni. Maiva nevanhu vangangoita mamiriyoni maviri muRoma, muguta guru reRoma; zvichireva, nhapwa, nemisha yakapoteredza, nezvimwe zvakadaro, vanenge mamiriyoni maviri evanhu. Asi masvingo akapoteredza Roma aive mamaira manomwe. Uye mukati memaira manomwe iwayo, mujinga megomo chaimo, maiva nemazana mana ematemberi ezvinamato zvechihedheni, zvavanamwari navanamwarikadzi vechihedheni.

<sup>85</sup> Zvino, ndinoda kutaura pano kwechinguvana pane chimwe chinhu chandatora kubva munhoroondo, uye ndine chimwe chaipo pano neni. Nzira yavaipinda nayo mukunamata, vaiuya sei kuzonamata? Muhedheni aiuya sei kuzonamata? Chinhu chokutanga chaaita kwaiva kuenda kutemberi onowana muprista, muprista wechihedheni. Ipapo aizomupa mupiro wemari yehumwe huwandu, uye tevere chibayiro, mhuka, kuti afadze mwari waizotaura kwaari.



<sup>86</sup> Uye dzimwe nguva, mutemberi imwe chete, munogona kunge muine mhando zhinji dzezvimwari. Munenge muine “vanamwari, vanamwarikadzi,” uye nezvimwe zvose, mutemberi imwe chete.

<sup>87</sup> Saka muprisita wechihedheni... Aienda kwaari omupa mari, zvino muprisita wechihedheni aimudzorera iri kenduru, ingori kenduru yemazuva ese. Zvino munamati aitora kenduru iyi, mushure mekunge abhadhara muprisita, aitora kenduru iyi anoenda kune imwe aritari yamwari uyu waari kuda kutaura naye. Uye paaritari iyi paive nemoto, paizopisirwa chibairo. Pazasi pechivezwa, temberi huru yendarira, kana—kana kuti chimupunzo, uye aitora iyi tembe- . . . iyi kenduru ndokuibatidza kubva paaritari yemoto, iwo moto wepaaritari yechimupunzo, aitungidza kenduru odzika pasi zasi pe—pearitari pamberi pe—pechimupunzo, ogadzika kenduru iyi pasi. Uye mushure mekunge agadzika kenduru pasi. . . .

<sup>88</sup> Ndinofungidzira kuti iye mumwe mwari wacho pakati pevamwe vanamwari vose aizongoziva kuti ndechipi chacho chimupunzo chaafanira kupinda machiri, munoziva, kuti adzoke kuzotaura naye. Sei kenduru, ini handizivi. Asi aiisa kenduru pasi, yabatidzwa nemoto yepaaritari.

<sup>89</sup> Zvino aibva adzokera zvekare pasi mutabhenakeri, uye ipapo aizvizvambaradza pasi. Uye ipapo aiisa mweya wake wose, simba rake rose mumunamato wake, onamata kuna mwari mukuru uyu weimwe mhando, mwari wekutenda zvekabanga, wekufungidzira, onamata kuna mwari uyu kuti aburuke muchifananidzo ichi ataure naye.

<sup>90</sup> Yakati “Mumwe wamadzimambo aigona kuzvambarara kudaro pamberi pechifananidzo chaAporo zvokuti aikwanisa kutaura kuti ainzwa manzwi aibva mutemb- . . . kubva pa—kubva pachimupunzo ichi, chichitotaura kwaari.” Akazvizvambaradza!

<sup>91</sup> Iwe ungati panguva ino, “Hama Branham, akanzwa izwi here?” Handipokani asi kuti ndizvo zvaakaita, asi rakanga riri izwi redhimoni. Kwakanga kusina chinhu chakadai saJupiter, ari chimwari, uye nevamwe vanamwari vose ava vavaiva navo.

<sup>92</sup> Asi vaizvizvambaradza ipapo, uye vorara ipapo vachinamata, vachinamata mwari uyu akavanzika wavaisaziva kana chinhu nezvake, apo mweya wake wakanga uri muchimupunzo chavaifunga kuti ndicho chaakafanana nacho. Vakamuitira mufananidzo, uyo wakawana nyasha kwaari.

<sup>93</sup> Zvadaro ndokuita chibayiro. Zvino aizoti kana azvipinza mune manyawi aya, aizokwirazve pamberi pechimupunzo zvino panguva iyi muprisita wechihedheni anenge amuunzira zve—zvekudya nezvokunwa, ozviisa patsoka dzechimupunzo. Zvino zvararo. . . (Zvino, ndiri. . . ndinazvo zvakanorwa pano papeji ino, ndiri kuzviverenga kubva ipapo. Maona?) Zvino

aizodzika kutsoka dzechimupunzo ichi, otona chimwe chinwiwa chinopiriswa ichi ochidzavuta, oruma-ruma zvizishoma pachikafu, wozozvidira patsoka dzechimupunzo.

<sup>94</sup> Akanga achiite? Achiva nechirairo nemadhimoni; achitaura nemadhimoni, vanamwari navanamwarikadzi. Zvingori mu-mufananidzo wekutevedzera weMukristu ari kutaura naKristu, achidya chirairo. Ndiyo mhando iyo chechi yepakutanga kana kuti vafambi vekutanga veEvhangeri (vakauya kuRoma) vakawana, yaiva muvanhu ava mumhando yekunamata kwakadai.

<sup>95</sup> Bhaari akanga ari mwari aizivikanwa zvikuru wemumazera ose, wezvimumupunzo, akanga ari Bhaari (B-h, vana a vaviri, r-i), akanga ari mwari wezuva. Uyezve aive ne-nemudzimai, mwari wemwedzi, mwarikadzi, Ishtar, I-s-h-t-a-r, Ishtar. Uye rinodudzawo zvakare sekuti, A-s-t-a-r-t-e, “Astarte.” Ari pakobiri reRoma. Aenzi mwarikadzi, mwarikadzi wemwedzi, kana kuti “mambokadzi wokudenga, amai vezvimwari,” mwari wemwedzi. Uye mwari wezuva akanga ari vaBhaari.

<sup>96</sup> Zvino, potse vose mahedheni ainamata zuva iroro. Kunyange maIndia akanga achiita chinhu chimwe chete pa-patakauya, patakavamba America pano, pakavambwa America. Vakauya, madzibaba vakauya kuno, vakawana vachiri kunamata zu-zuva. Nokuti, mune izvi, vainamata.

<sup>97</sup> Ndiyo nzira yavainamata nayo vanamwari navanamwarikadzi muRoma, muKristu paakasvika kuRoma.

<sup>98</sup> Zvino, mukufamba kwangu, ndakacherechedza kuti kunamata zvimupunzo hakuna kuchinja. Uye wo Chikristu chechokwadiwo hachina kuchinja. Vose vakabata nzvimbo dzavo, uye vachadaro kusvikira paKuuya kwaIshe Jesu. Pane izvi ndinoda kutaura zvizishoma, kuti muwane ruzivo rwazvo, uye kana uri wemweya uchatozvibata.

<sup>99</sup> Nokuti Bhaari uyu aiva mwari wezuva, zvino, makeke akagadzirwa. . . Zvino Jeremia akati pano, atataura nezvawo nguva shoma yapfuura, vakadzi vakanga vabikira Bhaari makeke, mwari wezuva. Nokuti, munozoono gare-gare, kuti zasi muchitsauko, kana mukazviverenga, kuti vakati, “Kana tikasanamata Bhaari zvirimwa zvedu zvinofa, nekuti Bhaari aive mwari wezvibereko.” Nemamwe mashoko, “Tinoziva kuti zuva rinoita kuti zvirimwa zvikure.”

<sup>100</sup> Asi muprofiti akavaudza, “Imhaka yekuti makasiya Mwari, ndicho chikonzero zvirimwa zvenyu zvisingakure.”

<sup>101</sup> Asi vakanamata Bhaari, vakati vaizo “Namata, vopa zvipiriso kwaari.”

<sup>102</sup> Zvino, kana Bhaari ari mwari ari denderedzwa. . . (Zvino, batai izvi, shoko rimwe nerimwe, mugozobata zvimwe zvese, pakuguma kweMharidzo ino.) . . .mwari akanga ari mwari ari

denderedzwa, mwari wezuva, vaiva nendiro huru dzendarira dzaipa chadzera chezuva uye zvoita semoto. Zvino chingwa chakataurwa naJeremia pano icho ivo...vakadzi vaibikira Bhaari makeke aya, kuti raigadzirwa riri denderedzwa sezuva. Saka, zvino, raiiswa paaritari, aritari yechihedheni, kuitira chirairo, uye ndokugadzirwa riri denderedzwa sezuva kana somwedzi, nokuti akanga ari mwari wezuva kana kuti mwari wemwedzi.

<sup>103</sup> Chi...Bhaari ndiye, watati, “Ndimwari wekukwanisa kubereka, anoita kuti zvinhu zvose zvikure.”

<sup>104</sup> Zvino, chechi yekutanga yakauya yakatarisana neizvi pavakapinda muRoma. Uye zvinotaurwa nekutendwa nechechi yeRoma, kana nechechi nhasi, kana nechechi yeRoma Katorike, inonzi “Katorike...”

<sup>105</sup> Tese tiri *makatorike*. Isu tisu Chechi yekatorike, tiri makatorike echiapostora. *Katorike* zvinoreva “pasi rose.” Uye isu tiri Chechi yepasi rose yeKutenda kwevapostora. Hongu, changamire. Pane musiyano pakati pemachechi maviri; imwe yacho yaive katorike, yepasi rose, *yechiapostora*; imwe yacho yaiva *Roma* Katorike.

<sup>106</sup> Uye zvakanzi iko Petro...kana kuti vanozvitenda, kuti Petro ndiye akatanga chechi yekuRoma. Ndinoda Gwaro racho, ndinoda nzvimbo yaungati Petro akambova muRoma pamamiriro api zvawo. Sezvakataurwa nechechi yeRoma, “Akanga ariko kubva muna 41 kusvika muna 46.”

<sup>107</sup> Uye, panguva iyoyo chaiyo, Kiraudhio akanga ari mambo muRoma, akaita kuti maJudha ose aende. Verengai Mabasa, chitsauko 18, uye muchaona kuti Pauro, paakakwira kumusoro achipinda muEfeso, akawana Akwira naPrisira, vaiva maJudha chaiwo, vakanga vabudiswa kunze panguva yokutambudzwa, uye vakanga vari muno muParastina zvakare nokuti Kiraudhio akanga araira maJudha ose kuti vaende, vose Makristu nema orthodox. Akwira naPrisira vakavamba chechi muRoma, uye vakatozobva nekuda kwekusimuka kwaKiraudhio, kwakanga kwaburitsa chechi yose...kana kuti Makristu nemaJudha vose kubva muRoma.

<sup>108</sup> Zvino, “Petro ari mubhishopi wechechi,” uye ndinogona kukuratidzai Gwaro, zvichidzika kusvika angangoita makore makumi manomwe, kuti Petro haana kumbobva abuda muParastina. MuMagwaro chaimo! Uye munoti “Petro akapondwa muRoma, uye Pauro akadimburwa musoro muRoma.” Idzidziso yenhema. Ndakaverenga ese mabhuku evakaurairwa chitendero andakagona kuwana, uye hapana kana rimwe rawo rinotaura chero chinhu pamusoro paPetro kana Pauro (chero mumwe wavo) akaurayirwa muRoma. Pane mabhuku ekutanga evakaurairwa chitendero echokwadi aya

atinogona kuverenga, hapana kana rimwe rawo rinotaura chero chinhu nezvazvo. Haana! Idzidziso yenhema.

<sup>109</sup> Ndiri pano kuzofumura zvinamato zvechihedheni, saka ticha—tichazviita izvozvo tichibatsirwa naShe neShoko raVo, munoono, kungokuratidzai kuti chechi yakadini. Muri kuita ruzha pamusoro pe “Katorike!” asi imbomirai maminitisi mashoma.

<sup>110</sup> Zvino, zvino, tinoona kuti mushure maAkwira naPrisira (maererano neRugwaro) vakaburitswa muRoma, chechi diki yakasiwa yakaita senherera, vese vaivemo vaive mahedheni akatendeuka vakauya muchechi yeChikristu yeRoma, chechi yekutanga iyo Akwira naPrisira nevamwe vaviri vakaroorana vakanga vatanga kereke iyi uye vakanga vairirera.

<sup>111</sup> Zvino tinoona kuti, pavakangobva vachienda, kuti vakagadzira mabhishopi avo ndokutora dzidziso yavo voga, ndokubva vatora...kuti vawanirwe fevha namambo, Constantine neavo vakazouya shure, kuti vawane fevha, nokuti vaifanira kuwana nhengo imomo kuti dzimire mukusimudzirwa kwezvematongerwo enyika munyika. Vakapinza nhengo dzechechi, uye vakavapinza mukati pane (“zvakakwana”) kungopupura bedzi, vasingazive chinhu pamusoro paMwari sezvazvinoita nevamwe vevanhu ava vatinavo muAmerica nhasi; sekungopupurawo hako, uko kwaiva kutaura kukuru kwazvo kwavari kuti vapupure Kristu, mumwe Mwari kunze kwamwari wavo. Zvino imomo vakagamuchira, mubumbiro ravo rechechi, mitambo yechihedheni.

<sup>112</sup> Zvino, muprisita wechiRoma, vakabva vagamuchira izvi nokutora nokuita chirairo. Chokutanga chakauya kuitwa kwechirairo. Panzvimbo pezvimeu zvakapwanyika seMuviri waKristu, vaizochiita *chedenderedzwa* sezuva kana mwedzi. Uye nanhasi chichiri chedenderedzwa! Chokwadi. Chichiri hwendefa yedenderedzwa, uye chisiri chimedu chakapwanyika cheMuviri Wake. Ndechedenderedzwa uye chichitsvedzerera. Vaprisita veRoma nhasi vanoisa hwendefa yedenderedzwa paaritari vohiti “Muviri chaiwo waKristu.”

<sup>113</sup> Zvino, pane kumisidzana kukuru pakati pemamwe maBhishopi epamusoro, nevamwe vakadaro. Uye chechi yeKatorike iri pachidzidzo ichocho, kuti ungave here Muviri *chaiwo* kana kuti *chinomiririra* Mutumbi. Roma Katorike inoti “ndiwo Muviri chaiwo,” nokuti ndiwo waiva mutumbi chaiwo waBhaari (mwari wezuva) aizviratidza pachikamu chiya chendarira uye vakachiita chedenderedzwa. Hapana tafura yeChikristu ine chingwa chedenderedzwa pairi!

<sup>114</sup> Zvino vaida kutarisa kumabvazuva, nezvimwe zvakadaro, sezvavaiita muzvinamato zvechihedheni; vachiunza madzimai mukati, nevakadaro, sezvavaigara vachiita, semahedheni kuna mwarikadzi, nezvakadaro. Zvino vakangobvisa Astarte

ndokusimudzira Maria, vakamuita mambokadzi wekudenga. Vakabvisa Jupiter ndokumisa Petro. Uye vaifanira kunge vaine dzidziso pazviri, kuti vazviite izvozvo vaitofanira . . .

<sup>115</sup> Akwira naPrisira vakati vadzokerako, mushure memakore gumi namatatu okutonga kwaKiraudhio, zvino pavakadzokera vakawana chechi yavo yanyura mukunamata zvimupunzo, asi yakanga yakura kuve chinhu chikuru kwazvo, chihombe.

<sup>116</sup> Kuti vapinze izvi, vanofanira kubvisa Bhaibheri zvachose. Zvino, ndiri munhu wechiIrish, ndine ravanoti iro *Facts Of Our Faith* rinongova remuprisita bedzi, nevakadaro. Uye ndinoziva izvi, nenhaurirano nevaprisita, muprisita haaiti gakava newe paBhaibheri, Bhaibheri rinongovawo rimwe bhuku kwaari. Bhishopi vaye pano Sheen pavakataura, pano anenge makore maviri apfuura, kuti “Chero ani zvake akaedza kutenda Bhaibheri, zvainge zvakafanana nokufamba nemumvura ine matope.” Havatendi Izvozvo! Vakatangira ipapo ndokuti, “Mwari ari muhechi yaKe, kwete Shoko raKe.”

<sup>117</sup> Muprisita uyu ari kumusoro uko munzira, akauya kuhurukuro nguva pfupi yadarika, kumusoro kuno kuSacred Heart, akati kwandiri . . . kana chechi ino iri kumusoro kwenzira, ndakanganwa kuti inonzi chii. Ndinofunga kuti inonzi Sacred Heart. Akauya kwandiri nezverubhabhatidzo, rwaMary Elizabeth Frazier uyo akanga adzokera shure akatendeuka kuva muKatorike. Akati, “Wakamubhabhatidza here?”

Ndikati, “Hongu.”

Akati, “Wakamubhabhatidza sei?”

Ndikati, “Murubhabhatidzo rweChikristu.”

Akati, “Unoreva nenzira ipi?”

Ndikati, “Pane rubhabhatidzo rumwe chete rweChikristu.”

Akati, “Unorevei, nekunyudza mumvura?”

Ndikati, “Hongu, changamire.”

<sup>118</sup> Akati, “Saka zvino wakamunyudza muzita ra ‘Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene?’”

<sup>119</sup> Ndikati, “Harwusi irwo rubhabhatidzo rweChikristu.” Ndikati, “Rubhabhatidzo rweChikristu kunyudza mumvura muZita raIshe Jesu Kristu.”

<sup>120</sup> Akazvinyora pasi. Akati, “Uchapika here kumhiko iyi, zvakare, kana chirevo ichi kuna bhishopi?”

<sup>121</sup> Ndakati, “Kana asingagone kutenda shoko rangu, ngaarege hake.” Ndikati, “Ini handipike nechinhu.” Maona? Iye akati . . . Ini ndikati, “Ndisiri kuzvikudza, changamire, asi ndinoziva kuti Bhaibheri rakati, ‘Usapika nematenga kana nenyika, nokuti chitsiko chetsoka dzaKe,’ nezvimwe zvakadaro. Hatifanirwe kuita izvozvo.”

122 Akati, “Zvinoshamisa, chechi yeKatorike yaimbobhabhatidza saizvozvo.”

Ndikati, “Rinhi? Rinhi?” Maona? Asi vanoti vakazviita.

123 Nekuti, kutaura chokwadi, vaive, uye isu tese takanga tiri vamwe pakutanga, uye iwo . . . mavambo—mavambo akabva paPentekosti. Ndiwo mavambo echechi yekutanga chero kupi, chero munhu angagona kutaura nezvayo. Chechi yechiKristu yakatanga paPentekosti, iine chiitiko chepentekosti, vanhu vepentekosti, rubhabhatidzo rwepentekosti. Zvese zvakabva pachechi yekutanga yePentekosti.

124 Zvino, cherechedzai. Zvino, tinoona zvino kuti vakatozobva pakudzidzisa kweBhaibheri kuti vave nezvinhu izvi vafadze madzimambo nevamwe vakadaro, kuti vapinze vahedheni.

125 Zvino, tarisai. Petro akanga ari muJudha. Ndizvo here? Mungafungidzira here Mutsvene Petro achitora pfungwa yekuisa zvimupunzo muchechi, muJudha akarambidzwa kunyange kutarisa kuchimupunzo? Ungamufungidzira here achiita chinhu chakadaro? Kwete Petro! Ungamufungidzira here achiti, “Manyorwa angu ose kumashure uko pakutanga ese akatsauka, Ndichangoakandira pasi zvino. Ndichararama hangu semweya muchechi yeRoma iyi, uye ndichagamuchira . . .”?

126 Zvino, anenge ave munhu akashanduka. Nokudaro, kuti vaite izvozvo, vakatozotanga dzidziso iya yekuti “Petro akavigwa muchechi uye akanga asiya Mirairo yose kwavari, uye ndivo vakanga vari chechi yeKatorike yepakutanga.” Havasi! Hakuna Gwaro, hapana nhorondo kana chimwe chekuzvisimbisa; hapana chinhu. Vakanga vasiri.

127 Uye muprisita wechihedheni uyu wechechi yekutanga yeRoma akangofanana chaizvo nearipo nhasi. Vanotenda kuti chingwa chiya muviri waKristu, icho neimwe nzira Kristu anoburuka osvetukira muchimedu chechingwa ichi chiri paaritari (chekuti mbeva dzinochitora husiku). Maona? Kutenda . . . Uye ndicho chikonzero maKatorike vachitenda kuti unofanira kuenda kuchechi kunonamata, nokuti “Mwari vari muchechi iyoyo.” Ndicho chikonzero vachipfugama nokuzvichinjika, kwese muchechi, nokuti “Chimedu chechingwa ichocho ndiMwari.” Hachisi chimwe chinhu kunze kwekumiririrwa kwaBhaari mwari wezuva, hapana Gwaro pazviri zvachose! Hongu, iya hwendefa yedenderedzwa iri paaritari.

128 Zvino, naizvozvo, havana kugamuchira dzidziso yeChikristu yokuti . . . Irenaeus, Polycarp, uye nehama idzodzo dzepakutanga, Pauro. Tinoona kuti, mudzidzi mukurusa aiva . . . akararama kwenguva yakarebesa, akanga ari Johane. Akadzingerirwa makore matatu, kunze kuPatmosi, nekuti aive nechikoro. Akanga ari kufambisa kana

kugadzira Shoko raMwari, achiRibatanidza pamwe chete, maTsamba pamwe chete. Vakamuwana iye navadzidzi vake vachizviita, vakamudzanga kwemakore matatu (mushure mekufa kwamambo akadzozwazve), ndokubva anyora Bhuku raZvakazarurwa.

<sup>129</sup> Uye ukataura nezvekuti “Mwari ari muchechi yake kana kuti Mwari ari muShoko rake?” Bhaibheri rakataura kuti Shoko ndiMwari.

*Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari.*

*Zvino Shoko rakazova nyama, rikagara pakati pedu, . . .*

<sup>130</sup> Kunze kwazvo, chero dzidziso yechechi ipi zvayo, ingave Baptisti, Presbyteriani, Methodisti, Pentekosti, kana kuti ingave ipi zvayo, isingagare pavana nevara neBhaibheri iri, iri kukanganisa! Nekuti Johani akati paChitsuwa chePatimosi, Mweya Mutsvene, kana kuti Kristu achitaura kwaari, akataura kuti, “Kana munhu akabvisa chimwe chinhu kubva mune iRi kana kuwedzera chimwe chinhu kwaRiri . . .” Saka uchawedzera sei izvi zviratidzo zvechihedheni zvekunamata zvimupunzo, uchiita vanamwari vatatu kubva mune Mumwe, nezvimwe zvese izvi zvechihedheni zvisina kumbodzidziswa nechechi yepakutanga uye yaipikisana nazvo?

<sup>131</sup> Kanzuru yepaNicaea, kuti Aive zvinhu zvitatu kana chinhu chimwe chete, gakava guru, avo vakafira chitendero vakauya ikoko, vamwe vavo vaine—vaine . . . Mumwe muchinda, mu—mubhishopi, vaparidzi vepentekosti, nokuti akaturika maoko pamusoro pevanorwara, vakaisa simbi inopisa yakachinjika maoko ake ndokudhonzera maoko ake kumashure *sezvizvi*. Vamwe, vamirepo, vakatora munondo vakatumbura maziso ake, zvakaita seboka revakafira chitendero vakamirira Shoko iri! Hareruya! Vakavhanganisa ropa ravo navaporofita vakare. Shoko iri, hama, IShoko raMwari.

<sup>132</sup> Pakatendeutsa mahedheni aya, vakaunza zvfananidzo izvi kuChikristu. Havachagona kushandisa Bhaibheri zvachose, nokuti Bhaibheri rinofumura izvi. Uye vanokuudza nhasi kuti havana . . . havatendi Izvozvo. Vanoti, “Zvakanaka, asi chechi ndiyo Shoko repamusoro-soro.”

<sup>133</sup> Zvakanaka, tinowana zvimwe chete muPentekosti. Usaita ruzha pamusoro pe “Katorike,” isu tichingova nemhosva savo, maMethodisti, Baptisti, uye mumwe nemumwe wavo.

<sup>134</sup> Imi maMethodisti, muri vatsvane zvakadaro, ko makaurayirei Joseph Smith zvino? Ino iAmerica uye ikodzero yekunamata. Handitendi zvakaturwa naJoseph Smith, asi makanga musina kodzero yekumuuraya, ndizvozvo, muMormon.

135 Imi maBaptisti, vangani vamaKahwandisa? Imi vamwe mose?

136 Uye Pentekosti, ine mhosva sezvakaita vamwe vose, yangova nekuzvitutumadza uye nehunyengeri hwakawanda. Uye panzvimbo yekuzvininipisa nesimba reMweya, mune Shoko musina Mweya. Uye munotokuvadza zvakapfuura zvamungaita dai maiva sevamwe vese. Kudzokera mumitambo yavo yechihedheni nemhando dzose dzepfungwa dzehutatu, nezvimwe zvinhu zvese izvi, hamugone kuzviratidza neShoko. Shoko rinopesana nazvo. Zvinosuwisa sei, zvinosuwisa sei!

137 Saka pavakaumba chechi yekutanga yeRoma, Chikristu, vakatorasa Bhaibheri; uye kuti vatore mitambo iyi, kuti vakwanise kuzviita, vaifanira kuva neimwe mhando yehangaruvanze, saka vakati, “Petro ndiye aive papa wekutanga weRoma. Uye anongoramba akadaro,” vanodaro. Zvakanaka, tomboti aive, zvino Petro aizodududza here achibva paMashoko epaPentekosti? Ungambofungidzira here muJudha achimisikidza zvimupunzo?

138 Uye pandinokwanisa kukuratidzai neShoko rakanyorwa kubva muBhaibheri, mazuva nemakore acho chaiwo, kuti Petro haana kumbobvira abuda muParastina asi nguva imwe chete (ndokuenda kuBhabhironi zasi achidzika neYufatesi), haana kumbova muRoma, neMagwaro, ZVANZI NAJEHOVHA! Zvose ipfungwa yechihedheni.

Zvino tichanyatsozviburitsa tichiuya muChiprotestanti.

139 Tarisai paPentekosti, tisingatori Shoko. Garai neShoko iroro uye munogara makarurama; mukabva paShoko iroro, munoenda kwese-kwese.

140 Pano imwe nguva yapfuura pamusangano mukuru nechikoro chikuru chePentekosti, mumwe mukadzi akakwakuka, achitaura nendimi, ndokukanganisa kudanira kuaritari. Zvino husiku ihwohwo pandakadzoka, Billy akasangana neni kunze ikoko, akati, “Munozivei? Mukadzi uya ati ane rimwe shoko rendimi manheru ano raari kuzopa.”

141 Zvino ndakatarisa mudzimai wacho (bvudzi rakagerwa, akapfeka rokwe raibata raiita sokunge aita zvokudirwa mariri, akagara kumusoro ikoko achigadzira vhudzi rake, achikwidza masokisi ake), ndaiziva kuti ari kuzokwakuka mudenga. Zvino akakwakuka mudenga, uye ini ndokuti, “Gara pasi.” Akangoenderera mberi. Ndikati, “Uri kundinzwa here? Gara pasi!” Oo, ini zvangu.

142 Pandakabuda husiku ihwohwo, pakanga paine vana kana vashanu vemachinda iwayo vakasangana neni kunze uko vainaye, vakati, “Wagomeresa Mweya.”

143 Ndikati, “Mweya wose wandinogomeresa neShoko raMwari wakafanirwa kugomereswa.” Ndikati, “Bhaibheri haritauri



here kuti mweya wevaporofita unozviisa pasi pemuporofita? Kana ari kupupura, apo chiporofita ku—ku...Kutaura nendimi chiporofita kana dzichidudzirwa.” Ndikati, “Zvinoka ngaamirire kusvikira ndapedza, iye agowana mukana.”

Akati, “Asi muri kudzidzisa Shoko.”

Ndikati, “Ndiro randiri kumira naro.”

<sup>144</sup> Akati, “Anga aine chimwe chinhu chichangoburwa uye chitsva kubva kuDenga, chimwe chakasiyana neIzvozvovo.” Kana izvozvovo zvisiri kudzokera kuRoma Katorike handizivi kuti chii!

<sup>145</sup> Shoko remunhu wose ngarive nhema uye mweya wose uve nhema, uye Shoko raMwari rive Chokwadi. Shoko raMwari ndiro rokutanga!

<sup>146</sup> Dambudziko ririko nhasi, vane zvizaruro zvakawandisa uye nezvinhu zvenhema. Kuzvzivambaradza kunze uko nekuzarurira madhimoni mwoyo wavo, pachinzvimbo chekugara neShoko raMwari. Ndipo pane dambudziko ipapo, ndiro dambudziko racho. Vanhu, vakatendeka, vanorevesa, vanhu vakanaka, asi haugone kuvaudza. “Zvakanaka, isu tinotenda *izvi*, sevanhu vePentekosti.” “Tinotenda *izvi*, sevanhu veBaptisti.”

<sup>147</sup> Ndinotenda Izvi nokuti IShoko raMwari! Ndinopikisa chero ani zvake kuti andigadzirise maRiri. Maona? Ndizvozvovo chaizvo. Iri iShoko! Garai naRo, Ichi ichokwadi!

<sup>148</sup> Saka vakaumba chechi yekutanga, chechi yekutanga yeRoma Katorike. Uye panzvimbo yekudana . . . iye *mubhishopi*, zvavaigara vachimudana, iye zvino vava kumudaidza “Baba.” Vachiri kudaro. Uye vanoti pano, “Unofanira kuzvibvuma, kuti hwendefa *iyi* ndiwo Muviri waKristu. Uye, kusvikira zvino, muprisita ndimwari, zvino Mwari anosungirwa kuteerera inzwi romuprista anoshandura hwendefa yechidyo kuti ive Muviri waKristu chaiwo.” Zvino varume vakangwara vachirega izvozvovo zvichipakirwa zvichidzika nepahuro pavo! Oo, ini zvangu! Oo, sei . . .

<sup>149</sup> Asi vanamati vechokwadi, mabhishopi echokwadi, vakagara neShoko. Vakagara imomo muKanzuru yepaNicaea, vakabata Shoko iroro ipapo. Hongu, changamire. Vakauyamo sevanofira chitendero, nezvimwe zvose, asi vakagara neShoko iroro. Vaisada kunamata zvimupunzo zvachose.

<sup>150</sup> Uye ndinoda kuti mumwe munhu andiratidze Mutsvene Patrick paakambove muRoma Katorike. Hakuna chinhu chakadaro! Akapikisa kereke yeRoma iyoyo. Aive muzukuru waMutsvene Martin. Ndakanga ndichiverenga pano, mune . . . mukadzi akanyora mu . . . Hazeltine, Mai Hazeltine, *Excerpts of the Nicene Council*, akati akaenda kukadhi kuOxford kunotora ka—kadhi re, kutora re, *Hupenyu hwaMutsvene Martin*, zvino muchinda uyu akati, “Asi haana kuitwa mutsvene nechechi

yeRoma.” Zvirokwazvo haana, akaramba chinhu ichi! Zvimwe chete na Mutsvene Patrick. Murume akagara neShoko raMwari vakavaka zvikoro zvavo vega, vakabva pamhando yezvinhu zvakadaro.

<sup>151</sup> Zvino, tinoona kuti, ndozvazviri nhasi. Chechi yeRoma inoenderera mberi nemabhisikiti ayo edenderedzwa, vachitenda kuti Kristu anoburuka osvetukiramo. Uye, teererai, munoziva here kuti muprisita ndiye anonwa waini yacho? (Apo, pavanofanira kuchitora mumwe nemumwe, “Akatabidza mukombe mumwe kune mumwe.”) Asi, pamaitiro echihedheni, vaprisita ndivo vanonwa waini. Maona? Imi muchiri. . . Zvose ndezevve chihedheni! Ndizvo chaizvo. Havana basa nazvo.

<sup>152</sup> Vanokuudza, “Handisi kuzotaura newe pamusoro peBhaibheri.” Mushumiri uya, kana muprisita, akataura kwandiri kumusoro uko, akati, “VaBranham, muri kuedza kutaura pamusoro peBhaibheri, ndiri kutaura nezvechechi.”

Ndakati, “Mwari iShoko!” Ndizvo. Zvino, zvakana.

<sup>153</sup> Tinoona mune izvi, kusvika nhasi uno, ndicho chikonzero chechi yeRoma Katorike ichifanira kuenda kuchechi kunonamata. Vanodzidziswa kuti “Mwari ari muhwendefa yedenderedzwa iyi, Muridzi wemutabhenakeri.” Maona? Hamuone here kuti chihedheni? Chokwadi, ndizvo.

<sup>154</sup> Hamuone here kuti vanhu vanotora chero chinhu—chero chinhu chinopesana neShoko iri vangori vamwe chete? Bhaibheri, muna Zvakazarurwa 17, harina here kudana chechi yeKatorike kuti “chipfeve”? HaRina here kudana maProtestanti kuti mai ve. . .kuti akanga ari “amai vemhombwe”? Chinhu chimwe chete! Iye anopa dzidziso kubva mumukombe wake wetsvina yezvinyangadzo zvoupombwe hwake, tsvina nezvinosemesa, maumbirwo emunhuwo zvake, panzvimbo yeShoko raMwari mupenyu rinova rechokwadi uye risina kusvibiswa.

“O Mwari, tinzwireiwo ngoni,” ndiwo munyengetero wangu.

<sup>155</sup> Irenaeus akati, ndakanyora pasi pano zvakataura, akati, “Shoko raMwari rakaita sechitsama chakanaka chematombo makuru anokosha akashongedzwa kugadzira chivezwa chaMambo mukuru, ane simba. Asi,” akati, “zvitendwa, dzidziso, masangano, zvinotora matombo anokosha aya akanaka vogadzira chindori chembwa kubva pariri, zvino vonyengera vasingazive Shoko. Izvi vanozviitira kushatisa nzira dzaMwari uye kuti vaunze kuzvidzwa paIri.” Hareruya!

<sup>156</sup> Pamunoyedza kuita kuti Shoko raMwari ritaure chimwe chinhu chionoenderana nesangano renyu, muri kutora matombo anokosha kubva muMuviri waMambo mukuru mogadzira chindori chembwa, kana gava, kana hochi, kana chimwe chinhu, kubva pariri. Uye munonyengera vasingazive Shoko.

157 Hareruya! Kune vamwe vane Mweya waMwari, vanomirira Shoko rakava nyama. (Mwari, tikwidziridzeiwo.) Shoko, hapana chimwe kunze kweShoko! Torai Shoko riya pakataurwa naJesu imomo, “Matenga ose nyenika zvichapfuura, asi Shoko raNgu harizopfuuri.”

158 PaRakati, “Bhabhatidzai muZita raIshe Jesu Kristu”; vanoita “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” vanamwari vatatu kubva maRiri. Vanотора mhando dzose dzedzidziso, vogadzira marudzi ose ezvinhu, nokusasa panzvimbo pokunyudza. Zvose! Voita imwe mhando yechidziva chematope chakagadzirwa nevanhu kubva mazviri, panzvimbo pokuiisa muChishongo, muna Mambo mukuru, Kristu.

O, Hareruya! NdiMwari munyama, Kristu!

159 Vanoshatisa nzira dzaMwari. Vanorega vanhu vachiuya muचेchi, madzimai ane vhudzi rakagerwa, vakapenda kumeso, nemadhirezi anonyadzisira. Varume vanoita sevakadzi zvakadaro, anorega mukadzi achimutugamirira kwese-kwese akabata nzeve. Vanouya kuchechi, vachitamba mutambo wemadhaiza nemakasa, nemhando dzose dzezvinhu zvine huori. Uye vaparidzi nevakadaro kunze uko pamahombekombe, nevakadzi vasina kusimira vakapfeka nhumbi dzekutuhwina nadzo uye vachienda kunotuhwina, vachiputa fodya, nekuzvidaidza kuti “varanda vaMwari”; apo iyi tembere iri tembere tsvene yakakumikidzwa kuna Mwari, kwete kutsvina yenyika. Ichokwadi. Asi vakatora matombo anokosha aMwari ndokugadzira hochi nawo, kana gava, kana imbwa, kana chidembo, kana chimwe chinhu, vozvidyisa kune vasina kudzidza, vasina ruzivo.

160 Ndatenda, Doc. Ndanga ndiine imwe pano asi handina kumbofunga zvekuishandisa, hengechepfu.

Hongu, ndizvo zvavanoita. Irenaeus akataura cha—chaizvo.

161 Mwari vanofungei pamusoro pazvo zvese izvi? Zvakangofanana here nezvavakaedza kutaura kuti, “O, hazvina basa kwaVari”? Zvine basa kwaVari! Zvinotori nebasa.

162 Sei Vakaudza Jeremia zvinhu zvaVakaita ipapo? Sei Vakataura izvozvo? Zvine basa. Mwari vane nzira.

163 Ko dai Mosesi akati, “Ndichabvisa ngowani yangu pane shangu dzangu”? Angadai asina kuona chiratidzo. Unofanira kuuya nenzira yaMwari. Mwari vane nzira.

164 Pane zvakawanda zvataigona kutaura. Ngatingovhurai kuGwaro rimwe chete pano. Ndine akawanda awo akanyorwa pasi. Ngativhurei kuna Numeri 25, kweminiti. Numeri 25, tigoona kuti zvine—zvine basa here kuna Mwari, kana kwete. Ngationei kana zvichiita, kana zvitendwa izvi, dzidziso (nezvimwe zvakadaro) zviine basa. “NdiMwari akanaka, Anongofuratira chinhu chacho chose.” Haadaro! Anoisa

mut Sara oburitsa purangamanzi, uye unofanira kusvika kwaRiri.

*Zvino vaIsraeri vakagara paShitimu, vanhu vakatanga kuita upombwe navanasikana vaMoabhu.*

(Teerera!)

*Zvino vakadana vanhu vauye kuchibayiro chavanamwari vavo: vanhu vakadya, vakapfugamira vanamwari vavo.*

*Valsraeri vakazvisunganidza naBhaari-peori: JEHOVHA akatsamwira Israeri kwazvo. (Ndiko kusaka Vakati “Usanamatira mhando yevanhu vakadaro”! Huh?)*

*Ipapo JEHOVHA akati kuna Mosesi, Tora vakuru vose vavanhu, uvasungirire masikati makuru pamberi paJEHOVHA, kuti kutsamwa kukuru kwaJEHOVHA kudzorwe kuna Israeri.*

*Zvino Mosesi akati kuvatongi vaIsraeri, Mumwe nomumwe wenyu ngaauraye munhu wake uyo... akazvisunganidza naBhaari-peori.*

<sup>165</sup> “Urayai mumwe nomumwe wavo!” Mwari vanoda kuva Mwari, uye kana Vasiri Mwari haVazovi wenzvimbo yechipiri. Haafanire kurega Bhaari (neimwe dzidziso yakaitwa nevanhu, neimwe pfungwa yemumwe munhu, kana imwe pfungwa yechitendwa, kana imwe pfungwa ye—yesangano) ichimira munzira Yake, NdiMwari uye Vanokwanisa kubva pamatombo aya kumutsa vana kuna Abrahamu. Havasungirwe kunge vaine masangano enyu. Havasungirwe kunge vaine masosaiti enyu makuru uye nezvikoro zvenyu nezvimwe. Vanotora zvaVanogona kuwana muruoko rwaVo, zvisiri chinhu, vobva vafemera mweya weHupenyu machiri chobva chava chimwe chinhu chinoVashumira. Ndizvo zvinoita kuti Vave Mwari. Zvechokwadi, zvine basa kuna Mwari.

Unoti, “Hazvina basa.” Zvine basa! Zvechokwadi, zvine basa.

<sup>166</sup> Pope Leo Mukuru, akatonga kubva muna 440 kusvika 461. Oo, akafunga kuti aive ari kunyatsoita izvo zvaive zvakanaka, akapinda muchechi... Akamutangira aive Victor, uye aive asina kunakawo, zvakare. Akauyamo, uye maurairo aakaita Makristu nezvimwe zvose.

<sup>167</sup> Zvino ndiani akatanga zvese izvi, achizviisa “zviri pamutemo” humhondi? Munoziva here kuti aiva ani? Mutsvene Augustine wekuHippo, ndiye chaiye wacho akazviita.

<sup>168</sup> Mutsvene Augustine akambowana mukana kamwe, ndizvo zvinorehwa nenhoroo, kuva munhu mukuru uye ogozadzwa neMweya Mutsvene. Akagara kuseri kwechivanze uko, kuLyons, France, pachikoro chikuru chiya apo aIrenaeus akambodzidzisa, nevamwe uye naMutsvene Martin. Akagara muchivanze

chechikoro ichi zvino Mweya Mutsvene ndokuuya kwaari, asi akaramba kuUgamuchira.

<sup>169</sup> Zvino akazova chii? Mwana wegehena akapetwa kaviri kupfuura zvaaiwa pakutanga, akabva adzika kuHippo, Africa, ikoko kwaakagadza chikoro chake. Uye kwaiva . . .

“Ndiratidzei!”

<sup>170</sup> Ndinogona kukuendesai kunhoroondo. Iye ndiye akatendera neshoko rake kwazviri, kuti “Zvakanga zvakanaka kuuraya mutendi upi noupi akatsauka asingabvumirani nedzidziso dzechechi yeRoma,” Mutsvene Augustine wekuHippo. Pane mudzidzi weBhaibheri here pano, kana mumwe munhu akaverenga nhoroondo, anoziva kuti ichokwadi, simudza ruoko rwako? Hongu, maona? Chokwadi varipo. Mutsvene Augustine wekuHippo, ndiye akapa mutongo uyu kuti “Zvakanga zvakanaka kuuraya vatendi vakatsauka vasingawirirani nechechi yeRoma.” Achivabvumira dzidziso yechihedheni, yokubva yaBhaibheri, uye nokugadza kunamatwa kwamwari-mwanakomana. Munoziva chikonzero Chikristu chiri . . .

<sup>171</sup> Munoziva kuti Kisimusi makaiwanepi? Kristu akaberekwa muna Kubvumbi, asi vakaitei? Kufamba kwezuva kwava kuita kuchinonoka iko zvino apo parinoenda, zuva rega-rega richiwedzera kureba zvishoma, kana kupfupika zvishoma, nekupfupika zvishoma, uye kubva musi wemakumi maviri kusvika makumi maviri nemashanu ndipo apo mwari wezuva aiva nezuva rekuzvarwa kwake. Aingova mazuva mashanu ikoko, ndipo pavaiva nemitambo yechiRoma panguva iyoyo, mhemberero yemusi wokuberekwa kwamwari wezuva panguva iyoyo. Uye zvino muri kuona here zvamave nazvo zvino? “Vakati ngatiti ‘mwari-wezuva,’ ngatiritorei kuti ‘Mwanakomana waMwari.’” Nyaya yacho yese ndeyechihedheni kubva pakutanga! Uye vanhu mumigwagwa neshangu dzavo dzine hiri dzakakwirira, uye vachimonyoroka vachikwira nekudzika mumigwagwa, nekumhanyira muzvitoro.

<sup>172</sup> Zvino pano rimwe zuva mudzimai wangu aindiudza, “Mumwe munhu akati, ‘Handizivi kuti ndingawanirei Baba.’ Akati, ‘Hanzvadzikomana achavaunzira koti rehviski, uye mumwe wacho akati aizovaunzira champagne.’ Uye mumwe akati, ‘Zvakanaka, ndichavaunzira bho—bhokisi remakasa.’” Kupembererwa kweKisimusi, kwechihedheni, kunamatwa kwadhiyabhore! Zvakanaka.

<sup>173</sup> Asi Augustine akazvibvumira. Kana iwe uchida kurava izvi mune chaSchmucker, chinyorwa chaSchmucker, cha-S-c-h-m-u-c-k-e-r, *Vandudzo Yakabwinyiswa* yaSchmucker, hezvino zvarinotaura, kuti “Kubva panguva iyo Mutsvene Augustine wekuHippo akapa mutongo uyu kuchechi yeKatorike, zvakavavhurira magonhi kuti vauraye chero chavangada ipapo, avo vairamba kereke yechihedheni iyoyo. Uye kubva panguva

yaMutsvene Augustine, makore angangoita mazana matatu shure kwaKristu, kusvika muna 1850, kuuraiwa kukuru kwepaIreland, kwakave neMaprotestanti mamiriyoni makumi masere nematanhatu vakaurayiwa nechechi yeKatorike. Avo vari pachinyorwa cheRoma cheavo vakaurairwa chitendero, ‘Mamiriyoni makumi masere nematanhatu.’” Zvino itisana nharo nemunyorori wenhoroono, ndiye akataura izvozvo. Ndiri kungodzokorora shoko rake. “Munhu wese aisabvumirana nedzidziso yeKatorike!”

<sup>174</sup> Kwete *katorike*, izwi rekuti katorike, hava—havarikodzeri zita iroro. Ivo mahedheni echiRoma.

<sup>175</sup> Kwete vanhu vakakosha ava. Kune makumi ezviuru zvevanhu avo kunze uko, vakaperera saivo...zviri vamwe vanonamata zvimupunzo. Vanofunga kuti vari kunamata Mwari, apo (tikadzokera kuShoko) vari muchimupunzo nezvimupunzo kwese-kwese. Munoono!

<sup>176</sup> Zvakanaka, yaive dzidz-...dzidziso, dzidziso dzeRoma. Uye, teererai, ndinoda kutaura chimwe chinhu pano. Ndanga ndachipfuura.

<sup>177</sup> Mugore ra1640, mugore ra1640, apo kuuraiwa kwemuIreland kwakatanga, pasi pevatongi veRoma nevaprisita, zviuru zana zvevakatendeutsa naMutsvene Patrick vakaurayiwa. Dai Mutsvene Patrick aive muRoma Katorike, ko sei vakauraya vanhu vavo? Vaiva vanhu vaishanda mumafekitari, nezvose. Ndizvozvo chaizvo. “Zviuru zana,” vakaurairwa chitendero, “vavakauraya nokuti vakanga vasingabvumirani nedzidziso.”

<sup>178</sup> Ndakaenda kune dzimwe chechi dzaMutsvene Patrick kuNorthern Ireland. Hongu, changamire. Ndakava nemukana wakanaka wekuzviona. Raingove zihoro zihombe rekare. Vakanga vasina zvimupunzo zvakamira imomo, uye nokudurura zvinhu patsoka dzazvo, uye nekubhadharira vanhu ava kuti vadzoke vapinde muchimupunzo ichocho. “Maria, kaziwai, Maria, naamai vaMwari,” zvimwe chete sezvavaiita kuna Astarte (vachiroya), mweya waMaria.

<sup>179</sup> Makore maviri kana matatu apfuura chechi yeKatorike yakatanga imwe dzidziso itsva kuti “Maria akanga amuka kubva kuvakafa uye akaenda kuDenga.” Vangani vanozvirangarira? Oo, mose zvenyu munodaro, chokwadi, mapepa akanga akazara nazvo. Dzidziso! Yakavakwa pamusoro pedzidziso, uye hapana kana kadodzi keChokwadi.

<sup>180</sup> Zvino, imi Maprotestanti makangoipa zvimwe chetezvo, imi munoramba kutora Shoko raMwari. Idzidziso yechechi yechiProtestanti zvimwe chete nedzidziso yechechi yeKatorike, uye tingori tose kukanganisa kusvikira tadzokera kuShoko raMwari mupenyu! Ndizvo.

<sup>181</sup> Imi maAssemblies of God, imi Foursquare, imi vePentecostal oneness, vehutatu, kana chero zvacho chamungave, dzokai kuShoko raMwari! Siyai zvimwe zveizvi pano zvimupunzo zveasangano, zvivezwa zveasangano. Vanozviroya pachezvavo (mweya wadhiyahore) uchipinda muzvimupunzo zveasangano izvi. Munozviziva here izvozvo? *Sangano* “chimupunzo”!

Unoti, “Uri Mukristu here?”

“Ndiri muPresbyteriani.”

“Uri Mukristu here?”

“Ndiri muMethodisti.”

“Uri Mukristu here?”

“Ndiri muPentekosti.”

<sup>182</sup> Izvozvo hazvireve zvinopfuura kuti uri “hochi” kana “imbwa” kana “chidembo,” hazvinei nechekuita naZvo. Ndizvozvo chaizvo. Chatinoda nhasi ndechekuti: ngatidzokerei kuShoko raMwari!

<sup>183</sup> Zvino, pane ava vashandi vomuzvitoro uye nevanhu vanokosha muNorthern Ireland, dai Mutsvene Patrick . . . kwaiva nezvikoro zvake zvose. Munoziva, zita rake rakanga risiri Patrick? Zita rake rainzi Succat. Akapambwa achiri mukomana mudiki; hanzvadzi dzake dzakaurayiwa. Uye akadzokera, nokuti akadzidzisa imbwa kudzinga nguruve nezvimwe zvakadaro, saka iye—iye—iye—iye akadaro, paakadaro, ipapo vaka . . . akawana nzira yake yokudzokera kumusha kuna baba namai vake. Uye ndokuvamba chikoro. Uye chikoro muNorthern Ireland hachina kutombogamuchira papa somutevedzeri mukuru waMwari, ivo havana kuzvitenda. Vakagara neShoko. Mwari varopafadze mutsvene iyeye akaropafadzwa, Mutsvene Patrick, murume mukuru.

<sup>184</sup> Uye munonzwa vachidaro kuti “Mutsvene Patrick akadzinga nyoka dzose muIreland.” Verenga nhoroondo uone kuti chaive chii. Mutsvene Patrick aitenda mukutaura nendimi. Mutsvene Patrick aitenda mukubata nyoka kana kunwa zvinhu zvinouraya; zvino paaiti akasimudza nyoka oikandira kure kubva munzira yake, vakati, “Akadzinga nyoka kubva muIreland.” Nokuti aitenda mukubata nyoka, uye hapana chaizovakuvadza. Hongu, oo, chokwadi.

<sup>185</sup> Vakanga vasina izvi . . . idzi nzvimbo huru-huru dzezvinamoto. Uye chii chaizoitwa—chii chaizoitwa nemutsvene . . . Irenaeus aizoita sei nhasi? Ko Mutsvene Patrick aizoita sei nhasi, kuona mazana emabhiriyoni emadhora achiiswa muRoma Katorike, okuvaka machechi makuru nezvivezwa zveamiriyoni emadhora nezvose zvakangofanana nezviri kuitwa nemaProtestanti?

<sup>186</sup> Ndakaita chitaurwa rimwe zuva uye zvikakatyamadza munhu wose, ndicho chikonzero ndambobata tepi ino. Ingovaregai vakadaro, bofu rikatungamirira bofu, vasiyei vawire mugomba. Ndicho chinhu chega chaunokwanisa kuita, maona. Pandakavaudza nezvekudaidza vanhu kuaritari, mubhaiheri makanga musina chinhu chakadaro se “kudanira kuaritari.”

<sup>187</sup> [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] . . .zvoutsvene hwaKe. Nekuzvinipisa pakufa kwaKe, tisingazviverengeri sechinhu, ipapo Mweya Mutsvene unobva wauya wotisimudza. Uye hatina chivimbo matiri pachedu, nokuti hapana chatinogona kuita, asi naYe tinogona kuita zvinhu zvose.

<sup>188</sup> Isu, mumufananidzo waKe, mufananidzo mupenyu waMwari mupenyu. Unoitei iwe. . .Kana ukazvipira kuna Mwari zvino Mwari vopinda mauri, zvinokuita chii? Mufananidzo mupenyu waMwari. Kwete chivezwa chakafa chakagadzikwa mukona; kwete sangano kumusoro kumuzinda mukuru kuWashington, mu—mu—muMubatanidzwa wemaChechi; huh-uh, kwete, ichocho chivezwa chakafa, chivezwa chakafa nechitendwa chakafa. Asi mufananidzo mupenyu mudungamunhu!

<sup>189</sup> Mumwe munhu aidzidzisa rimwe zuva, kana kuti aiva nekachinyorwa, zvino mumwe munhu akati izvo “Kana murume asina kuponeswa, uye. . .Kana murume akaponeswa uye mudzimai wake asina kuponeswa, vaizoenda here muKubvutwa? Mudzimai uyu haaigna kupinda muKubvutwa, hapangazovi nechinhu chakadai sekuti mudzimai achapinda muKubvutwa nokuti vari chinhu chimwe.” Hazvina maturo! Jesu akati, “Pachava nevaviri pamubhedha, uye iNi ndichatora mumwe ndosiya mumwe.” Inyaya yedungamunhu pakati pako naMwari, uchizvipira mutumbi *wako*; zvisinei kuti amai, baba, vana, chero chii zvacho chinoRigamuchira here kana kwete. Amenii!

<sup>190</sup> O Mwari! Nyika ino yakaora, ine tsvina, yakasviba; machechi aya ane tsvina, akasviba anongodaidzwawo kunzi machechi; masangano aya ane tsvina, akasviba; izvi zvitendwa zvine tsvina, zvakasviba zvinopesana neShoko raMwari. O Mwari, hunzai mumwe munhu mudiki akazvinipisa pane imwe nzvimbo agozvichenesa, ogovasimudzira munzvimbo dzeKumatenga uye mozviratidza pacheNyu, Mwari Samasimba. Amenii. Chinhu chakaora zvakadini pachasvika kuva!

<sup>191</sup> Tinoitwa vagoverani vehutsvene hwaKe. Isu, tiri mufananidzo waKe, tiri mifananidzo mipenyu yaMwari mupenyu. Zvino, takafa kune zvati, tikamutswa pamwe naYe, (zvino teererai, teererai kune izvi), Shoko raKe rakaitwa nyama zvakare *matiri*. (O, Hama Neville!) Tarisai! Chii? Kwete mwari wengano dzinotendwa, wekufungidzira agere kunze uko, asi Mwari mupenyu. Mwari mupenyu chii? Shoko riri mauri richiZviita remazvirokwazvo. Fiyuu! Kubwinya kuna



Mwari! Oo, ndinoziva kuti munofunga kuti ndiri muumburuki mutsvene, pamwe ndiri. Asi, oo, hama, mazviona here? Kukunda masangano ose, kukunda chihedheni chose, Mwari mupenyu anoratidzwa mutemberi mhenyu, uye Shoko raMwari (rinova Mwari) rinoitwa nyama mamuri. Sei? Makagara munzvimbo dzeKumatenga, makakunda zvinhu zvose, muna Kristu Jesu. Amen!

Oo, ndinongozvida Izvi. Ndinofanira kuchirika chimwe chinhu ndoenderera mberi.

<sup>192</sup> Zvino, teerera! Zvino mudukusa vevatendi vaKe, zvisinei nekuti—nekuti kubva riinhi, kana ndiani—ndiani, mudiki, kana chero zvauro, mudukusa wevatendi vake (ari maVari) ane madhimoni ese pasi pake. Maona? Tarirai! Kristu ndiye Musoro weMutumbi. Ndizvo here? Zvakanaka, pese pane Musoro mutumbi unenge uinaWo. Kubwinya! Kunoenda musoro wangu unotora mutumbi wangu nawo. Zvino pana Jesu, Chechi inenge inaYe. Amen! Haabude muShoko raKe; Anogara muShoko raKe, achiRirinda, kuriita kuti Riratidzwe. Chechi yaKe iri pamwe naYe.

<sup>193</sup> Uye, tarisa, iwe unoti, “Asi, Hama Branham, ndini mudukusa wacho.” Ndeapo pasi petsoka dzaKe. Asi, rangarira, Akakunda pamwe newe, akakunda pamwe newe pamusoro pazvo zvose, kunyange iwe uri pasi petsoka dzaKe. Chirwere chose, dhimoni rose, simba rose, kunyangwe rufu pacharwo, zviri pasi petsoka dzako, pasi *pako*. Kubwinya! Handisi kunzwa sekunge ndava nemakumi mashanu nemaviri mangwanani ano. Ichi iChokwadi. Kana ndikangogona kuita kuti chechi ino izvione izvozvo, hama, tichava chechi inokunda. Vatendi vari maAri, chakaipa chose chiri pasi paKe. Oo, kubwinya!

<sup>194</sup> Ndichamboti siirei pano zvishoma, ndigozotanga zvakare nguva inotevera.

<sup>195</sup> Teerera, teerera kune izvi. Unoti, “Hama Branham, handina simba.” Kana neniwo. Ini handina kana simba. “Nhai, Hama Branham, ndiri dera.” Kana neniwo. Asi handisi kuvimba nesimba rangu, harisi simba rangu. Ndiri kuvimba nesimba rechinzvimbo changu, munoona, simba rangu randakapiwa rechinzvimbo changu. Handisi *ini* ndakasimba, handina kusimba. *Ndiye* akasimba, uye ndi—ndiri waKe.

<sup>196</sup> Hepano, seizvi, toti semuenzaniso, hedzino motokari dziri kudzika zasi nemugwagwa, panaFourth naBroadway muLouisville, “zumu, zumu, zumu, zumu,” dzichimhanyisa sezvadinokwanisa, mamaira makumi matanhatu paawa vachidarika mugwagwa iwoyo, munhu wese achingomhanya, achimanikidzira, nekuchimbizika. Mumwe murume mudiki anofamba achiendako, osimudza ruoko rwake, uye, hama, mabhureki anorira. Handiti, murume mudiki uyu haana simba rakakwana rekumisa imwe yemota idzi, asi ane

simba rechinzvimbo chake. (Kubwinya!) Harisi simba rake. Zvakanaka, kana imwe yemota idzi yaizomudhuma, inomupwanyanya. Asi ngaangosimudza ruoko rwake! Sei? Vatyairi vemota vanocherechedza yunifomu iyoyo.

<sup>197</sup> Oo, Hama, vanocherechedza yunifomu iyoyo, mabhureki anorira. Sei? Tarisa simba rechinzvimbo chake. Tarisa zviri kumashure kwake. Hurongwa hwese hwemuguta huri shure kwake. Vanochengetedza mitemo vemuguta vari shure kwake. Yunifomu iyoyo inomiririra izvozvo. Akasiyana, hongu, changamire, nokuti mupurisa.

<sup>198</sup> Anodanidzira, “Mira!” Zvakanaka, imwe yemota idzi inongoenda “zumu,” yongomututa zvakadaro. Asi ngavasatomboziedza zvavo, tarisai zviri kumashure kwake. Vachachedza mabhureki achirira. Haasungirwe kutombotaura chinhu, anongosimudza ruoko rwake chete. Zvinobva zvatozviiita, chokwadi. Simba rechizvimbo chake rinobva pakuchengetedzwa kwemutemo, zvese zviri kumashure kwake. Iye pachake, haana simba, asi zvii zviri shure kwake? Ndizvo zviri nyembe...zvipeko zvake, akanyatsopfeka yunifomu.

<sup>199</sup> Ndizvo izvo...kwete chimupunzo, asi icho munhu mumwe nomumwe anofanira kunge akapfeka. Ngatishonge nhumbi dzose dzokurwa nadzo dzaMwari, ameni, ngowani yoruponeso, iyi nhoo huru kwazvo (yakakura segonhi) yekutenda. Oo, hama. Hazvisi izvo zvaari, asi zvaanomiririra.

<sup>200</sup> Ndizvo izvo mupurisa...haazi murume mudiki akamira ipapo, angori munhuwo zvake, asi zvaanomiririra!

<sup>201</sup> Nhumbi dzedu dzekurwa nadzo ndiJesu Kristu. Hongu, changamire. Madhimoni ose anoridza mabhureki kana aDziona. Kana aona nhumbi dzose dzokurwa nadzo dzaMwari, rubhabhatidzo rwechokwadi rweMweya Mutsvene, ameni, akaMuona achiuya kubva paChigaro chaMwari, akapfeka nhumbi dzose dzokurwa nadzo dzokumuka kwaKe kuvakafa. Amen.

<sup>202</sup> Kwete kuti *iwe* wakasimba, hausi chinhu, ndeizvo zviri kumashure kwako. Sei? Iwe wakafa. Wakapinda muchiuto, wakapinda muchipurisa, uchachengetedza mutemo uye nekutonga madhimoni aya. Ndizvo chaizvo, uri muchipurisa, chinhu chacho chese chiri shure kwako. Munoono, unocherechedzwa sewakafa, hausi chinhu, hapana chaunokwanisa kumisa. Asi simba rechinzvimbo chako chawakapiwa, nekuti wakamutswa uye wakagara munzvimbo dzeKumatenga muna Kristu Jesu, dhiyabhorosi anozvicherechedza izvozvo. Chinhu chose chinoridza mabhureki acho kana maoko acho asimudzwa.

<sup>203</sup> Mutsvene Martin, imwe nguva mudare...Kwakanga kune murume zasi uko aikuvadza (dhimoni), akanga achiruma

nhindi huru kubva pavanhu zvakadaro, uye vanhu vakanga vachimhanya, akanga achiedza kuvauraya. Akadzura mazi- . . . aiva nemazizino makuru aibudikira kunze, mazino, aikwachura mazinyama aizara mumuromo saizvozvo paaiita saizvozvo.

<sup>204</sup> [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] . . . muvanamati. Uye mazuva aakaona mberi, akaziva kuti zvaizova nenzira iyi, apo Iye pachaKe aizodzingwa kubva muchechi yaKe pachaKe, chechi yeRaodhikia. Akati, “Tarirai, ndimire pamukova ndichigogodza.” Sangano iroro rakanga raMudzingira kunze, uye vazviita nhasi, asi Akamira pamusuwo kuti agogodze.

<sup>205</sup> O Mwari, dai nhengo dzeMutumbi waKe dzaziva nhasi kuti tiri muChechi yakakunda. Tiri—tiri muna Kristu. Takagara pamusoro pezvinhu zvose izvi zvemunyika.

<sup>206</sup> Sei madzimai edu achida kugera bvudzi ravo? Mwari, zvinoratidza kuti pane chakatsveyama. Sei vachizoda kuzvifumura muzvinhu zvinotaridzika kukwezva ruchiva? Sei vanhu vedu vaine nzara mumwoyo yavo yekunzwa mu—munhu akaita saElvis Presley kana—kana vamwe vanaRicky ava, kana vakadaro, vanomira ipapo vaine gitare rakare nemumhanzi uya wakare wakazhezhera uye nokuita kuti vanasikana vedu vechidiki vazeye vachikurura nguo dzavo dzemukati, nezvimwe? Mwari, zvino mukomana wacho uyu anozviti muPentekosti! O Mwari, chii . . . Tarisai uyu Pat Boone anozviti inhengo yeChurch of Christ nezvinhu zvose izvi zvinonyadzisira, netsvina . . . O Mwari, achizviti “anobva kuChurch of Christ.”

<sup>207</sup> Mwari, tinoona kuti bheji resimba rechinzvimbo harisi zita resangano, asi isimba—simba rekumuka kwaKristu muhupenyu hwemunhu wega-wega. Mwari, dai vanhu ava vari pano mangwanani ano vashingairira kupinda Imomo. Uye kana tepi iyi ikapinda munyika umo mune vanhu, Ishe, itai kuti vazive kuti hazvina kutaurirwa pfini, nekuti ndinenge ndakanganisa pachangu, asi kuti Chechi ikunde uye igona nzvimbo yayo. Kuti vaone pane zvimupunzo zvese izvi . . . Apo chechi yeKatorike yakabuda pachena ndokuzviita “chimupunzo,” maProtestanti vanoziita “sangano,” uye zvakangoipa zvimwe chete; vachiramba Shoko, “Vaine mufananidzo wehumwari, asi vachiramba Simba racho.” O Mwari, Shoko reNyu nderechokwadi chaizvo, Shoko rose!

<sup>208</sup> Zvino tinonamata, Baba, kuti Mutikanganwire zvivi zvedu, uye dai Mharidzo iyi yanyura zvakadzika mumoyo. Uye dai vanhu . . . Dai chechi ino, sezvo tabhenakeri ino diki iko zvino iri muhurongwa hwekuvaka chivakwa chechechi, dai vakasambotarisa kune chimwe chinhu chine runako, asi chinongokwana kuchengeta vanhu. Mwari, ngavarege kumboenda kunotarisa vachiti, “Isu tiri vetabhenakeri huru ine denga guru pairi.” Mwari, itai kuti ingova chivakwa chisina

chinhu. Ngavasambofa vakarasikirwa nekuona Chinhu chaicho, chiri Jesu Kristu. Ngaave Iye anozadza temberi yavo, uye ipapo simba nemoto weMweya Mutsvene zvichawira paaritari yemoyo yavo. Ndipo pane aritari yemazvirokwazvo, Ishe, iri pamwoyo wemunhu wega-wega.

<sup>209</sup> Ndinonamata mangwanani ano kuti Shoko rino rigare richirema paaritari yemoyo wese kusvikira vasisakwanisi kubva paRiri, kuti vauye vakabengenuka uye nepfungwa dzakakwana kuEvhangeri, vachitenda Mashoko; uye vasingavhure mwoyo yavo kumasimba emadhimoni (kana manyawi, kana kurira, kana kusvetuka, kana—kana kumwe kuratidza, chimwe chimiro chinobatika, kana chimwe chinhu chakadarwo), asi kuMweya waKristu une rudo wemazvirokwazvo, wechokwadi, kwaAchazozviratidza pachaKe murudo nesimba.

<sup>210</sup> Zviitei, Ishe. Podzai vanorwara nevanotambudzwa. Tinokumbira nemuZita raJesu. Amen.

NdinoMuda, ndinoMuda  
Nokuti Akatanga kundida  
Ndokutenga ruponeso rwangu  
Pamuti weKarivhari.

. . . ndinoMuda  
Nokuti Akatanga kundida  
Ndokutenga ruponeso rwangu  
Pamuti weKarivhari.

<sup>211</sup> Takakotamisa misoro yedu, vangani vachaisa mwoyo wenyu paaritari mouita munda kuna Mwari, kuti Adyare Shoko raKe paaritari yemwoyo wenyu, rinozounza hupenyu hwekumuka kuvakafa kwaKristu? Mungasimudza maoko enyu here muchiti, “Mwari, ndinoshuva izvi nemoyo wangu wese”? Mwari varopafadze moyo wenyu ine nzara, madhazeni nemadhazeni.

Zvisiye ipapo, ingozvisiya ipapo,  
Tora mutoro wako kunaShe zvino wousiya  
ipapo;  
Kana tikavimba uye tisingapokani,  
Achatibuditsa zvirokwazvo;  
Tora mutoro wedu kunaShe togousiya ipapo.

<sup>212</sup> Mumoyo mako chaimo, rangarira Kristu Muponesi, rangarira kuti Akakufira. Uye kana ukangozvifira iwe pachako, izvozvo zvichabuditsa zvose mumuviri wako, zvobuditsa zvose mumweya wako, zvobuditsa zvose mumoyo mako pane zvose zvenyika ino namafaro ayo ose, ipapo Kristu. . . uchamuka pamwe chete naYe.

<sup>213</sup> Kana usati wabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, pane chidziva chizere nemvura pano. Zvino, paunosimuka kubva mumvura imomo, unenge uchisimuka kuti ufambe naKristu muhupenyu hutsva. Watofa ipapo, hauchisiri. . . hasha

nezvese zvaenda. Wave chisikwa chitsva muna Kristu. Zvino Anokusimudza neMweya Mutsvene nekukugadzika munzvimbo dzeKumatenga pamwe chete naYe, pamusoro-soro pemasimba ose enyika ino.

<sup>214</sup> Hazvina mhosva kuti uri mudiki sei, kana uri mudzimai mudiki anowacha, kana uri—kana ungori hama isina zvayo . . . ruzivo rwema ABC ake, hapana mutsauko wazvinoita kuti ndiwe ani. Iwe uri muna Kristu, uchikunda pazvinhu zvese. Uye simba rechinzvimbo chako riri pamusoro pedhimoni rose uye nesimba rose rina dhiyahhore. Uri muna Kristu, wakakunda.

Muine misoro yenyu yakakotamiswa:

<sup>215</sup> Ndinoziva kuti pane imwe hama yauya zasi kuno mangwanani ano, Hama Slink (ndinotenda kuti vanovati “Sink, Jim Sink”), vandinotenda kuti vari . . . Uye hama yedu iyi pano inocherechedzwa kuva mudzidzisi weShoko rino. Handizvo here, Hama Sink? Tiri kuzoisa maoko pamusoro pavo mangwanani ano tisati tanamatira vanorwara, kuvagadza mushumiri (mumwe wehama dzedu) kuti vaende kumachechi kunoparidza Evhangeri.

<sup>216</sup> Hama Jim Sink, mungauye here kuno kuaritari? Huyai, Hama Neville. Hama Junie Jackson, muri pano here? Pane vamwe vashumiri veKutenda kuno here?

<sup>217</sup> Hama Jim Sink pano vanotenda muEvhangeri iyi yatinoparidza, Mwanakomana waMwari, kutenda kuti zvechokwadi ndiye Mwanakomana waMwari akaberekwa nemhandara. Ndizvo here, Hama Sink? [Hama Jim Sink vanoti, “Ameni.”—Mupepeti] Munotenda kuti akafa akamukazve nezuva retatu, akakunda zvose, agere kuruoko rworudyi rwaMwari, pakati pesimba raMwari kuMusoro, anogara ari mupenyu achitireverera? [“Ameni.”] Munotenda mukubhabhatidzwa mumvura muZita raJesu Kristu kuti zvivi zviregererwe here? [“Ameni.”] Munotenda murubhabhatidzo rweMweya Mutsvene sekupihwa kwaKunoitwa naMwari, nezviratidzo nezvishamiso zvichitevera mutendi? [“Ameni.”] Vanozvitenda izvozvo. Uye ndinotenda kuti vave nehupenyu husingapomereki pamberi pevanhu. Vanoparidzira pano pachechi, kazhinji kwavari pano, uye ndinoona kuti, “munhu waMwari akanaka kwazvo.”

<sup>218</sup> Zvino, kuchechi ino, pane shoko here muno, chero munhu ane shoko rinopesana neHama Sink? Zvitaure zvino kana kuti wonyarara nokusingaperi. Vangani vanozvitenda kuti nekuparidzwa kweMharidzo iyi uye neShoko iri Hama Sink . . . uye munotenda kuti nokupupura kwoMweya Mutsvene, kuti Hama Sink vanofanira kugadzwa nokutumirwa kubva pachechi pano semushumiri weEvhangeri, kuzivisa Mharidzo idzi sezvaparidzwa mangwanani ano, kwose-kwose kwavangaenda

munyika Jehovha vachavatuma? Simudzai maoko enyu muti, “Ndichakunamatirai, Hama Sink.” Mwari vakuropafadzei.

Ngatikotamisei misoro yedu.

<sup>219</sup> Hama Neville, kana mungaisa maoko enyu pana Hama Sink makaisa ruoko rwenyu pamusoro peBhaibheri.

<sup>220</sup> Baba vedu vari Kudenga, tinounza kwaMuri, mangwanani ano, munhu akarerwa kubva mukuora kwenyika ino, akazvitora seakafa kune zvaari uye akagamuchira Kristu seMuponesi, akabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, akamutswa nevimbiso yekugamuchira Mweya Mutsvene, uye zvino ari munzvimbo dzeKumatenga, uye anonzwa kudanwa muhupenyu hwake kushumiro.

<sup>221</sup> O Mwari, sevakuru vechечи ino, seungano nevatari vakuru nevamwe vakadaro, kutarisa boka iro Mweya Mutsvene akatiita kuti tichengete, makwai achisimudza ruoko rwavo kuti vachiziva kuti Hama Sink, “kuti munhu akarurama,” naizvozo tinoisa maoko edu pamusoro pake, apo Hama Neville neni, sevakuru veNyu, uye neizvi tinonamata munamato wekutenda uye nekugadza Hama Jim Sink muhushumiri hwaJesu Kristu. Zviitei. Ngaazadzwe nesimba raMwari. Dai akasambofa arerutsa. Dai akuwanirai mweya inouya kwaMuri.

<sup>222</sup> Uye, Mwari, tinovimbisa kuvimbika kwedu nehukama hwedu kwaari, kuvatsigira chero kwavanenge vari, mumunamato, nemukubatsira, uye nechero ipi nzira yatingagona nayo. Mugamuchirei, O Mwari, apo patinomuunza kwaMuri. MuZita raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari. Amen. Amen.

<sup>223</sup> Nemaoko enyu paShoko, uye neipapo Hama yangu Sink, Ndinokugadzai imi hama muna Kristu nekuyanana kwedu, nemuZita raJesu Kristu. Amen. Mwari vakuropafadzei. Zvakanaka. Ungano ndokuti, “Amen.” [Ungano inoti, “Amen.”—Mupepeti] Mwari vakuropafadzei. Pane zvakananda zvekuita muEvhangeri, zvinonyanya kudikanwa, tiri shure kwenyu zvizere nezvose zvatingagone kuita kuti tibatsire. Mwari vakuropafadzei.

<sup>224</sup> HaAshamise here kuva . . . Oo, ini zvangu! Ndinofarira kuona munhu. Zvakanaka. Vari, sokunzwisisa kwandinoita iko zvino, vari kutora hufundisi wepaHoliness Tabhenakeri kuUtica, Indiana, kwavanogara kusiri kure neikoko.

<sup>225</sup> Zvino, ngationei. O, tinadzo here hama idzi? Oo, ndinotenda kuti tichine vanorwara vekuti tinamatire, handiti? Zvakanaka, vakapa here . . . mapa makadhi okunamatirwa here? Zvakanaka, ngatishevedzei makadhi mashoma ekunamatirwa nekukurumidza, munhu wese imbogarai makadzikama kwekanguva. Tanonoka chaizvo. Mungandipewo maminiti gumi here? Zvakanaka. Makadhi ekunamatirwa, regai vanhu vane munamato . . . Waapa kubva pachii, poshi?

226 Zvakanaka, kadhi rokunamatirwa nhamba poshi, mungauye here, nhamba yepiri, nhamba yetatu, nhamba yechina, nhamba yeshanu. Makadhi ekunamatirwa nhamba poshi, piri, tatu, china, shanu, mirai ipo pano, nokukasika sezvamungagona zvino, kana muchigona kusimuka. Kana usingakwanise, zvakanaka, tizivise, tinouya kuzokutakura. Tichaedza kuwana vakawanda sevatinokwanisa. Poshi, piri—piri, tatu, china, shanu, tanhatu, nomwe, sere, pfumbamwe, gumi; tanhatu, nomwe, sere, pfumbamwe, gumi; zvino vaviri chete ndivo vasimuka ipapo. Gumi, gumi nerimwe, gumi nembiri, gumi netatu, gumi neina, gumi neshanu. (Huh?) Ose, makadhi ekunamatirwa, endai uko kune rimwe divi *iri*, endai kudivi iri nepano, kune divi iri kana mungadaro.

227 Oo, haAshamise here? Zvino, munhu wose ngaaremekedze sezvaunokwanisa, maminitisi angangoita gumi zvino, maminitisi angangoita gumi. Zvino, avo vane makadhi okunamatirwa, takazivisa kuti “Vanhu vanoda kunamatirwa, vauye nemakadhi avo ekunamatirwa,” uye kuti isu tirege. . . Munoono, vanoramba vachidzoka, uyezve vanoedza kushandisa zvipo zvaMwari seHakata, asi isu hati—hatitendi mukuita izvozvo.

228 Ti—tinotenda mukungorega Mwari achiita Basa raVo. Munozvitenda here? Vangani vanotenda Mharidzo iyi mangwanani ano kuti iChokwadi? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Ndatenda. Ndatenda. Mwari vakuropafadzei. NdinoItenda nomwoyo wangu wose, mweya, nepfungwa.

229 Zvino, zvinoita sekunge tine vanhu vangangosvika makumi mashanu pano kuti vanamatirwe, vakada kudaro. Zvino, teererai. Zvino, mumwe nomumwe wenyu ari muna Kristu. Uri muna Kristu Jesu, uchikunda zvirwere zvose. Imi mose muri mumutsara wokunamatirwa, vari Makristu, vatendi vakazvarwa patsva, simudzai maoko enyu. Nzvimbo yako saka iri muna Kristu. Wakatokunda kare, uye chinhu choga chaunofanira kuita iko zvino kugamuchira uye nekutenda izvo zvakataurwa naMwari kuti iChokwadi.

230 Handingagoni kutora mutsara iwoyo kuti ndinzvere, zvingava zvakanyanyisa kuzviita, zvinotitorera nguva yakarebesa. Kwete kwandiri, ndinotenda kuti ndinogona kugara pano kwezuva rose, ndiri kungonzwa zvakanaka. Ndiri kungonzwa zvakanaka. Ndinoziva kuti Ichokwadi. Ishe ngavarumbidzwe! Asi *zvino* tiri muna Kristu, *zvino* tagadzwa panzvimbo dzedu muna Kristu. Amen! Oo, ini zvangu! Zvinhu izvi zvandadzidzisa iChokwadi here? Kana zvirizvo, zvino AchaZviburitsa iye pachaKe. Ndizvozvo.

231 Vangani venyu imi vanhu vari mumutsara wokunamatirwa vatsva kwandiri? Ndinoziva vazhinji venyu, asi vamwe venyu muri vatsva. Simudza ruoko rwako, unoziva kuti hapana chakaipa chandinoziva pauri, simudza ruoko rwako;

mose muri mumutsara, uh-huh, zvakanaka. NdiYe Kristu here? UnoZvitenda here? Unofanira kuva nokutenda, unofanira kuZvitenda. Kana ukasaZvitenda, haZvishande. Iwe unofanirwa kuziva chinzvimbo chako, iwe unofanirwa kuziva nzvimbo yako. Ndizvo here, Hama West? Ndizvozvo chaizvo. Ziva chinzvimbo chako, Kristu akavimbisa “Zvinhu zvaNdinoita muchazviitawo.” Iwe Zvitende nemoyo wako wese.

<sup>232</sup> Murume uyo akamira kumashure uko ane chisina kumira zvakanaka pahudyu yake. Imi Zvitendei nemoyo wenyu wose. Hamukwanise kupinda mumutsara wekunamatirwa, asi munogona kudzokera kunogara pasi, zvichaenda. Uye haisi kenza. Dzokerai mugare pasi, zvose vapera. Handisati ndakamboona murume uyu muhupenyu hwangu. Kana tisingazivane, hama, simudzai ruoko rwenyu. Kana tisingazivane . . . Chii chaitika, apodzwa!

Paaritari iyi pano, munotenda here?

<sup>233</sup> Ko imi? Isu hatizivane, handikuzivei. Mwari vanokuzivai. Munonditenda here kuti ndiri muranda waVo? Munotenda Mharidzo ino yandinoparidza here? Ko ndikakuudzai kuti dambudziko remusana wenyu richakusiyai? Munozvitenda nemoyo wenyu wose? VaBurkhart, modzokera kuOhio, mapodzwa. Jesu Kristu akuporesai.

<sup>234</sup> Hamusi pano imi nekuda kwenyu, muri pano nekuda kwemumwe munhu. Mudzimai. Uye anobva kuOhio, zvakare, ndizvozvo, zita ndiAlice McVan. Ndizvozvo chaizvo. Akaitwa oparesheni. Ndizvozvo. Dambudziko remudumbu uye dambudziko remadzimai nekuhuta-huta. Ndizvo here? Ingotendai uye achapora. Endai mberi muchiZvitenda nemoyo wenyu wose. Zvitendei nemoyo wenyu wose, achava nazvo.

<sup>235</sup> Makadii? Handikuzivei, tiri vatorwa. Ndizvo here? Munonditenda here kuti ndiri muranda waKe? Munotenda here kuti takakunda muna Kristu? Kana muchitenda, nekuhuta-huta kwenyu uye nematambudziko enyu nezvinhu zvamunazvo, zvino, Mai Allen, munogona kudzokera kumba kwenyu mugoporeswa.

<sup>236</sup> Ndinotenda kuti tiri vatorwa, hatisi here? Handisati ndakambokuonai kumashure. Aka ndekekutanga kusangana, isu tiri vatorwa mumwe kune nemumwe. Munonditenda here kuti ndiri muporofita waKe? Munozvitenda here? Muri kurwara nedambudziko reitsvo. Ndizvozvo, handizvo here? Hamusi wekuno, munobva zasi Kumawodzanyemba. Muri kunamatira vana venyu vasina kuponeswa. Uyo murume wenyu kumashure kwenyu. Ane murume ari pamwoyo pake mangwanani ano, shamwari yaari kunamatira. Nhai, ndiri kuona mumwe munhu, imi muri—muri amai nababa veshamwari yangu. Mumwe murume anouya pano anonzi L. C. kana S. T., kana zvakadaro, S. T. kana zvimwewo, ndiye—ndiye mwanakomana wenyu.



[Hama Neville vanoti, “J. T.”—Mupepeti] J. T. . . Ndizvozvo, S. T. Kwete, haisi J. T., ndinoziva. Murume mudiki, ane musoro une vhudzi dema, ndamuona akamira pamberi apa paari zvino. Dzokerai kumba, muwane chikumbiro chenyu. Dzokerai henyu kumba.

<sup>237</sup> Murume uya ari pano here mangwanani ano, murume anobva zasi kuGeorgia? Ehe. T. S. Hongu. Handisati ndamboona baba namai vako muhupenyu hwangu, uye unoziva kuti ichokwadi, asi ndakuona uchiuya, ipo pano pamberi pavo ipapo. Ndaziva kuti ndizvo. Mawana chikumbiro chenyu, musapokana.

<sup>238</sup> Munotenda here mose, nemoyo wenyu wose? Zvino, vangani? Mumwe nomumwe wenyu ari muna Kristu. Unoti, “Ndiro Evhangeri here?” Ndizvo chaizvo zvakaikwa naJesu Kristu. Ndizvo chaizvo zvakaikwa nevaapostora. Ndizvo chaizvo zvakaikwa naIrenaeus nevamwe vose. Ndizvo chaizvo.

MunoZvitenda here? Saka kotamisai musoro wenyu.

<sup>239</sup> Huyai kuno, mukuru. Kune vanhu vakawandisa kuti vapfuure nemumutsara wese iwoyo saizvozvo. Tasimudza vaviri kana vatatu zasi ipapo. Endai zasi apo chaipo. Hama Neville vangu ava munhu waMwari. Ndinozvitenda.

<sup>240</sup> Tichapfuura nemumutsara uyu pano tonamatira vanhu ava, toisa maoko pamusoro pavo. Imi mose munotenda here kuti muchapora, mumwe nemumwe wenyu? Munhu wose ari muno achaZvitenda here? Zvino kotamisai musoro wenyu zvino, tiri Chechi yakakunda.

<sup>241</sup> Ishe Jesu, ndinoziva hama iyi, ndicho chikonzero ndisina kutaura chinhu kwaari nezvazvo. Ndinoziva zvaari kuda. Ndinonamata kuti Mumupodze, Ishe, uye mugomupa chikumbiro chake. MuZita raJesu Kristu.

<sup>242</sup> Baba veKudenga, nemaoko akaiswa pamusoro pehama diki iyi, mangwanani ano, tinokumbira nemuZita raJesu kuti adzikinurwe. Amen.

<sup>243</sup> Oo, muri. . .

Baba veKudenga, ipai kuHanzvadzi yedu Dauch pano, hanzvadzi yakaisvonaka, yanga iri shamwari chaiyo kwatiri pano, kumhuri yangu nevadikanwi vedu. Tinotenda kuti ivo nemurume wavo vana Venyu. Ndinonamata, Mwari, kuti Mugovapa chikumbiro chavo mangwanani ano. MuZita raJesu Kristu. Amen.

<sup>244</sup> Mwari, muZita raJesu, ropafadzai Hanzvadzi yedu Bruce. Tinoziva, Ishe, kuti murandakadzi wenyu. Tinonamata kuti Muvape chi—chikumbiro chavo. MuZita raJesu Kristu. Amen.

<sup>245</sup> O Baba voKudenga, tichicherechedza kuti—kuti ndiMi moga munokwanisa kupodza Hanzvadzi Blankco, tinonamata kuti Mugovaropafadza nokupa chikumbiro ichi kwavari, Ishe. MuZita raJesu Kristu. Amen.

246 Baba veKudenga, pahanzvadzi yedu tinoisa maoko edu nemuZita raJesu Kristu, tichikumbira kudzikinurwa kwavo kuti Muwane kubwinya. Amen.

247 “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda,” uye tinoisa maoko edu pamusoro pehanzvadzi iyi ichapora. MuZita raJesu, zviitei, Ishe. Apo uyu mutumbi unohuta-huta, uchidedera, wakamira pano, Ishe, pasi pesimba reMweya Mutsvene, uye wakaneta, asi iMi muri Mwari. Podzai mudzimai wechidiki uyu, ndinonamata, nemuZita raJesu.

248 Mwari Samasimba, ipai hama yedu chikumbiro chake. Zviitei, Baba. Tinoisa maoko pamusoro pake nekutsiura muvengi, avo vanozoisa chepfu mumweya wake, kana kuisa chinhu—chinhu chitema pamberi pake. Ngaasimuke nokukunda pamusoro pazvo mangwanani ano, Ishe, ogocherechedza nzvimbo yake muna Kristu Jesu. Uye saka achawana chaanokumbira, muZita raJesu.

249 Baba vedu vari Kudenga, nemaoko akaiswa pahama yedu, nemuZita raJesu Kristu, ipai chikumbiro chake. Amen.

250 Musikana anodikanwa mudiki uyu, Baba, muZita raJesu dai Ishe vanzwirwa tsitsi, nokuda kwoKubwinya kwaMwari tinokumbira kudzikinurwa kwake.

251 Mwari, tinoziva kuchema kwemoyo waamai ava uye nekuchema kwemwanasikana wavo. Mwari, ipai pakutenda kwavo mangwanani ano, uye mokuita iko zvino, tichiziva kuti ane simba pamusoro pazvo. Uye zvichaitwa, muZita raJesu Kristu.

252 Mwari, podzai mukomana mudiki uyu, tinonamata nemuZita raJesu Kristu.

253 Mwari, Baba vedu, tinoisa maoko pamusoro pehanzvadzi yedu nekukumbira mangwanani ano Mumupe chikumbiro chake. MuZita raJesu Kristu. Amen.

254 Baba vedu veKudenga, mudzimai mudiki uyu achiuya kuzitora nzvimbo yake kuti apodzwe, tinoisa maoko pamusoro pake tichikumbira kupodzwa kwake. MuZita raJesu Kristu. Amen.

255 Pamusoro pemwana mudiki uyu akaisvonaka tinoisa maoko edu, nemuZita raJesu Kristu, tichikumbira kupodzwa.

256 NeZita raJesu Kristu, nemaoko ari pahanzvadzi yedu, dai Mamupodza zvino.

257 Baba vedu, Vari Kudenga, Zita reNyu ngariitwe dzvene, pamukomana uyu tinoisa maoko edu. MuZita raJesu Kristu, dai aZvitenda. Amen.

258 Baba veKudenga, pahama yedu ine humhare pano, Ishe, muranda weNyu, munhu waMwari, tinoisa maoko pamusoro pake kuti chikumbiro chake chipiwe. MuZita raJesu Kristu

dai atora nzvimbo yake zvino. Zvino, heunoi mwanakomana waMwari, ari munguva yakabwinyiswa patiri kugumira tose.

<sup>259</sup> Baba veKudenga, pahanzvadzi yedu diki yabuda murima guru kuti ifambire muChiedza, itai, Ishe, kuti mweya wake mudiki wakashinga usimudzirwe kumusoro mangwanani ano, muchiyero cheKudenga. Uye mupei chi—chikumbiro chake, muZita raJesu. Amen.

<sup>260</sup> Baba voKudenga, pamusoro pehama yedu pano taisa maoko muZita raIshe Jesu, tichikumbira kuti apiwe chikumbiro ichi. MuZita raIshe Jesu Kristu. Amen.

<sup>261</sup> Baba vedu veKudenga, tinoisa maoko pamusoro pemwana weHanzvadzi yedu, uye tinokumbira kuti chikumbiro chake achipiwe, Baba, tichiisa maoko edu paari nemuZita raJesu Kristu.

<sup>262</sup> Baba vedu veKudenga, tinoisa maoko pamusoro pehanzvadzi yedu, nemuZita raJesu Kristu. Chikumbiro chake ngachiitwe, muzita raJesu. Amen.

<sup>263</sup> Baba vedu veKudenga, apo hanzvadzi yedu ichipfuura nemumutsara uyu uye nekurega . . . tinoisa maoko edu pamusoro pake, dai Kristu waMwari akauya pedyo zvino agotsiura dambudziko nokumuporesa. Amen.

<sup>264</sup> Baba veKudenga, pamusoro pehama yedu, tinoisa maoko pamusoro pake uye tokumbira izvozvo nemuZita raJesu Kristu, kuti Mumupodze nemuZita raJesu. Amen.

<sup>265</sup> Baba veKudenga, pamusikana uyu tinoisa maoko edu, uye tokumbira Ishe wedu anokosha. MuZita raJesu Kristu, tinokumbira kupodzwa kwake. Amen.

<sup>266</sup> Ishe wedu anokosha, tinoisa maoko pamusoro pehama yedu, nemuZita reMwanakomana waMwari, Jesu Kristu, Watiri vakundi nokupfuurisa kubudikidza naYe. Uye tinokumbira kuti Mupe hama yedu chikumbiro chayo, nemuZita raJesu. Amen.

<sup>267</sup> Baba vedu, pamusoro pehanzvadzi yemurandakadzi wedu, uyu musoja mudiki weMuchinjikwa, Ndinonamata, Mwari, kuti Mweya weNyu uuye paari uye umupe chikumbiro chake. MuZita raJesu Kristu. Amen.

<sup>268</sup> Baba vedu veKudenga, pamusoro pamusoja weMuchinjikwa uyu akashinga, akamirira Shoko renyu mu—munguva dzekutsoropodza nezvimwe zvakadaro, asi zvisinei achimira neShoko, akafamba achienda ari mukundi nokupfuurira muna Kristu Jesu. Ipai kwaari chikumbiro chake, Baba. Ndinonamata munamoto wangu uye mugomupa kubva muropafadzo reNyu, Ishe, kuti Mugomupodza uye mugomupa chikumbiro chake. MuZita raJesu. Amen.

<sup>269</sup> Baba veKudenga, mwana uyu haagone kurarama kunze kwaMwari, asi Mwari vanogona kumupodza. Ndinoisa maoko pamusoro pake nekutsiura muvengi, muZita raJesu Kristu.

Ropafadzai mwana, uye dai Mamubatsira kuti abudirire muZita raJesu Kristu. Amen. Vakundi nokupfuurira.

<sup>270</sup> Baba veKudenga, kuhanzvadzi yedu, yatinoisa maoko pamusoro nemuZita raJesu Kristu, tabhenakeri inokunda yaMwari akaitwa nyama akagara pakati pedu. Dai kubudikidza neZita raKe, Zita rakarurama reMwanakomana uya waMwari, Jesu Kristu, rapa hanzvadzi yedu chikumbiro chake. Amen.

<sup>271</sup> Hanzvadzi yedu Kidd, moyo wenyu uropafadzwe. Baba vedu veKudenga, apo ndakabata murume nemukadzi vachembera ava mumaoko edu pano, vakaparidza Evhangeri ndichingori mukomana mudiki, mazuva mashoma apfuura vakarara vachifa nekenza; ndichimhanya zvikuru kuti ndisvike kwavari, uye simba raMwari rikafukidza murume ane makore makumi masere rikavapodza, kusvikira vanachiremba vakanyarara nenzira inoshamisa, vakatadza kuzvinzwisisa. Ndinonamata kuti Mupe chikumbiro chavo mangwanani ano. Mudzimai wavo mudiki akaropafadzwa, Ishe, vaiwacha pabhodhi kuti vatumire murume wavo kushumiro kunoparidza iyi—iyi Evhangeri inojuja Ropa yaJesu Kristu. Zviitei, Ishe.

<sup>272</sup> Ropafadzai mwanakomana wavo, Junior, Ishe. Tinonamata kuti Mumupodze nokumuchengeta akasimba, Ishe. Ndiye tsihiro yavo kuvatyaira kubva panzvimbo nenzvimbo, kuti vaise mahengechepfu. Kunyangwe vakura kudaro havachakwanisi kubuda vachienda mumunda wekuvhangeri zvakare, asi vanoenda vachibva kuchipatara nekudzimba, vachiisa hengechepfu pane vanorwara. Mwari, Muchazviremekedza izvozvo, ndinoziva Muchazviita. Varopafadzei muvape simba remamwe mazuva mazhinji, Baba. MuZita raJesu Kristu. Amen.

<sup>273</sup> Komborerwai. Zvichaitwa, Hama Kidd, zvichaitwa. [Hama neHanzvadzi Kidd vanotaura kuna Hama Branham—Mupepeti] Mwari ngaVakudzwe. Amen. Hongu, uya watakaitira munamato parunhare.

<sup>274</sup> Murume nemukadzi vane makore makumi masere okuberekwa, neanoraudzira, havachagoni kubuda kuenda kuminda yekuvhangeri uye nekumira papurupiti, vanyanyisa kuchembera panguva ino kuti vaparidze saizvozvo, asi zvakadaro vanotumira zasi kuno kuzatora mapasuru emicheka yomonamato uye vachiitumira kune vanorwara nevanotambudzwa, voiendesa kuzvipatara nezvimwe zvakadaro. Kutu vaise pamusoro pe... Havachagoni kubuda kunze vonotsigira shumiro nenzira iyoyo, asi vanoenderera mberi nepavanokwanisa napo. Zvinofanira kuita kuti isu vechidiki tinzwe kuzvinyarira. Ndizvozvo, kuitira Kristu chimwe chinhu.

<sup>275</sup> Rangarirai, mutana uyu pano, Hama Kidd, vaiparidza Evhangeri ndisati ndaberekwa. Ndizvozvo, kunze uko

vachinamatira vanorwara, musoja wakare akashinga. Zvino pano, akura, mune makore mangani, Hama Kidd? Makore makumi masere nerimwe okuberekwa, vachiri kuenda nekuda kweHumambo hwaMwari! Vachembera zvekusachigona kumira papurupiti nokuparidza mharidzo zvakadaro, asi vanoenda kuchipatara, padivi remibhedha, pavane mukomana anovatyaira vachitenderera nemota. Uye havachagoni kufamba, saka vanongovatyaira mumota vovatorera pekugara, uye ivo vaviri ava, mhuri yevaviri vakwegura, vanopindamo voisa hengechepfu.

<sup>276</sup> Vaiva nemudikanwi wavo akanga ava pedyo nekufa rimwe zuva, mumwe musikana, vanga vachindiudza nezvazvo. Takavanamatira, muzukuru, ndokuenda kunoradzika... Mwana akamuka zvino. Mwari ngavakudzwe!

<sup>277</sup> Hama Kidd, vakandidaidza pano imwe nguva yapfuura, angangoita makore maviri apfuura, ndinofungidzira, ndizvo, kuti vaiva nekenza yepaprostata, pazera pada remakore makumi manomwe nemasere, kana makumi masere, anoda kusvika makumi masere ekuberekwa, vaine kenza yepaprostata. Chiremba vakabva vangozvisiya zvakadaro, hapana chaikwanisa kuitwa. Takakurumidza, Billy neni tichichinjana pakutyaira, kuti tisvike ikoko pavaiva. Zvino Mweya Mutsvene wakatiudza kuti tiende mangwanani iwayo. Kazhinji hatizviite kunze kwekunge tatotungamirwa kuzviita. Mweya Mutsvene wakati, "Endai," ndokubva tasimuka ipapo tikaisa maoko pamusoro pemitana uyu, kuti timunamatire. Vanachiremba vari kutadza kuwana kana muhwezva wayo chero papi zvapo. Mwari ngaakudzwe! Oo! Sei? Nzvimbo yedu iri muna Kristu Jesu, paakakwira kumusoro kwezvirwere zvose nemasimba ese emuvengi.

<sup>278</sup> Oo, hamuMufariri here?

Kune vanhu vari potse kwese-kwese,  
Mwoyo yavo yose iri kupfuta  
Nemoto uyu wakawa paPentekosti,  
Wakavashamba nekuvachenesa;  
Oo, Uri kubvira zvino mukati memoyo wangu,  
Oo, kubwinya kuZita raKe!  
Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
mumwe wavo.

Ndiri mumwe wavo, mumwe wavo,  
Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
mumwe wavo;  
Mumwe wavo, mumwe wavo,  
Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
mumwe wavo.

Kunyangwe vanhu ava vasina kudzidza,  
 Kana kuzvitutumadza nemukurumbira  
 wenyika,  
 Vose vakagamuchira Pentekosti yavo,  
 Vakabhabhatidzwa muZita raJesu;  
 Uye vari kutaurira zvino, kure nekwese,  
 Simba rake richiri rimwe chete,  
 Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
 mumwe wavo.

279 Vangani vari mumwe wavo? Simudzai maoko enyu zvino.

. . . vavo, mumwe wavo,  
 Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
 mumwe wavo;

O, mumwe wavo, mumwe wavo,  
 Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
 mumwe wavo.

Zvino chiuya, hama yangu, utsvage ropafadzo  
 iri

Rinochenesa moyo wako kubva pachivi,  
 Richatangisa mabhero emufaro kurira  
 Uye nokuchengetedza moyo wako uchibvira;  
 Oo, uri kubvira zvino mukati memoyo wangu,  
 Kubwinya kuZita rake,  
 Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
 mumwe wavo.

Ndiri mumwe wavo, mumwe wavo,  
 Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
 mumwe wavo; (Hareruya!)

Mumwe wavo, mumwe wavo,  
 Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
 mumwe wavo.

Vakanga vakaungana muimba yapamusoro,  
 Vose vachinamata muZita raKe,  
 Vakabhabhatidzwa neMweya Mutsvene,  
 Ipapo simba rokushumira ndokuuya;  
 Zvino zvaAkavaitira nezuva iroso  
 Achakuitira zvimwe chetezvo,  
 Uye ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti  
 ndiri mumwe wavo.

Ndiri mumwe wavo, mumwe wavo,  
 Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
 mumwe wavo; (Hareruya!)

Mumwe wavo, mumwe wavo,  
 Oo, ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti  
 ndiri mumwe wavo.

280 Zvino tichirwuimba mahon'era, ngatingokwazisanai  
 mawoko mumwe nomumwe. Toti:

Mumwe wavo, mumwe wavo,  
 Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
 mumwe wavo; (Hareruya!)  
 Mumwe wavo, mumwe wavo,  
 Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
 mumwe wavo.

281 Haudaro here? Iti, “Ameni!” [Ungano inoti, “Ameni!”—  
 Mupepeti]

Ndiri mumwe wavo, mumwe wavo,  
 Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
 mumwe wavo;  
 Mumwe wavo, mumwe wavo,  
 Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
 mumwe wavo.

282 Ndinogona here kuimba vhesi imwe chete iyi zvakare?

Kunyangwe zvazvo vanhu ava vasina kudzidza,  
 (Havana kana D.D., Ph.D. huru kwazvo,  
 munoono, havana zvinhu zvikuru, munoono.)  
 Vanhu ava vangasadzidza havo,  
 Kana kudada nemukurumbira wenyika,  
 (rimwe sangano guru.)  
 Vose vakagamuchira Pentekosti yavo,  
 Mumwe nemumwe wavo akabhabhatidza  
 muZita raJesu;  
 Uye vari kutaura zvino kwose kure nekwese-  
 kwese,  
 Simba rake richiri rimwe chete,  
 Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
 mumwe wavo.

Mumwe wavo, mumwe wavo,  
 Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
 mumwe wavo;  
 Ndiri mumwe wavo, mumwe wavo,  
 Ndinofara zvikuru nokuti ndinogona kuti ndiri  
 mumwe wavo.

Oo, kwete nokuda kwemamiriyoni ose  
 endarama yepasi  
 Kuti ndingasiya nzvimbo iyi inokosha,  
 Nyangwe muedzi aka . . . ndinyengetedza  
 kakawanda achiedza,  
 Asi ndakachengeteka muimba yaMwari,  
 Ndichifara murudo rwaKe nenyasha,  
 Uye ndiri kugara kudivi reHareruya!

283 Oo, ini zvangu! Ndinofara kwazvo nazvo. Haudaro here?  
 Haufare here kuva mumwe wavo? Kungova mumwe wavo,  
 mumwe wevanhu vakazvinipisa vakangozvidurura pachavo  
 kunze, ndokudzika (kwete pamberi pechimupunzo), pamberi

paMwari mupenyu, (kwete pamberi pesangano woisa zita rako mubhuku), pamberi paMwari mupenyu, (kwete kudzokorora chitendwa), asi kurega Shoko richiva nyama mauri. Munoono, ndizvozvo. Uye wakazvininipisa, zvino kubudikidza naizvozvo Akakukwidziridza kumusoro, (kwete kuva nemusoro mukukutu, uchikarira zvepamusoro, uchiti “Ini ndiri *ichi, icho* kana *chimwe*”), asi mukuzvininipisa, kutapira, uye “Akamboponesa sei anonzwise urombo akaita seni, uye Akambozviita sei?” Ndiwo manzwiro anoita Mukristu chaiye. Hautendi izvozvo here? Oo, Ndewemazvirokwazvo chaizvo!

Wemazvirokwazvo,                   mazvirokwazvo,  
 Ndewemazvirokwazvo kwandiri!  
 Oo, wemazvirokwazvo,   mazvirokwazvo,  
 Ndewemazvirokwazvo kwandiri!  
 Kunyangwe vamwe vanhu vachiMupokana,  
 handigone kurarama ndisinaYe,  
 Ndokusaka                   ndichiMuda,                   uye  
 Ndewemazvirokwazvo kwandiri!  
 Wemazvirokwazvo,   Ndewemazvirokwazvo  
 kwandiri!

Chiimbei!

Wemazvirokwazvo,                   mazvirokwazvo,  
 Ndewemazvirokwazvo kwandiri!  
 Kunyangwe vamwe vanhu vachiMupokana, asi  
 handigone kurarama ndisinaYe,  
 Ndokusaka                   ndichiMuda,                   uye  
 Ndewemazvirokwazvo kwandiri!

<sup>284</sup> Oo, ndinofara kwazvo naizvozvo! Hongu, changamire. Oo, ndinofara kwazvo nokuda kwenzira huru iyi yeEvhangeri, kurarama munzira iyi inobwinya yeEvhangeri yakare.

<sup>285</sup> Zvino, shamwari, kusvikira tasangana paChigaro chekutonga chaKristu zvakare, pamunenge muchinamata, ndirangarireiwo. Uye Mwari aropafadze mumwe nomumwe wenyu. Ndiri... Handikwanise kutaura kuti ndine hurombo nokuti ndakuchengetai pano.

<sup>286</sup> Zvino, kwamuri mune hengechepfu dzakaradzikwa pano, Ndangoisa maoko pamusoro padzo patanga tichinamatira vanorwara, kana mandicherechedza ndichizviita paya pangorova Mweya. Handina kupinda muzviratidzo zvakawanda, nokuti handina simba, ndaneta, munoziva, ndanga ndiri pano maawa angangoita maviri kana matatu zvino, ndichiparidza, uye ndangotanga kutora vashoma pamutsara kuti mugoona kuti Mwari ndiMwari. Maona? Izvo zvisingagoneki, nenji, kuti zvinhu zvisingawanikwe... Dhiyahore... .

<sup>287</sup> Zvino, rangarirai, mumwe nomumwe wenyu ane simba muna Kristu. Iwe hauna simba, une *simba rechinzvimbo*, simba rako rechinzvimbo. Iwe wakangosimudzirwa, kumusoro-



soro; kwete kuti uzvikwidziridze, asi Kristu akakusimudzira. Kristu paanowedzera kukusimudzira, ndipo paunonzwa kuda kuwedzera kuva wakaderera, munoona, unotonzwa kuzvininipisa kwazvo. Saka Aizokwanisa sei kuponesa anonzvisa urombo akaita seni, Akambozviita sei? Asi Akazviita, saka ndinotenda kwazvo nokuda kwazvo. Amen! Zvakanakisa!

PaZita raJesu tichigwadama,  
Tichiwa tozvambarara patsoka Dzake,  
Mambo wamadzimambo Kudenga  
tichaMugadza korona,  
Kana rwendo rwedu rwapera.

Zita rakakosha, (Zita rakakosha!) O rinotapira  
sei!  
Tariro yenyika nemufaro weDenga;  
Zita rinokosha, (Oo, Zita rinokosha!  
HaAshamise here?)  
Tariro yenyika nemufaro weDenga.

<sup>288</sup> Zvino, teererai, musakanganwa izvi, imi imbai korasi, regai ndiimbe ndima yacho. Maona? Handizivi kana ndichigona kufunga nezve ndima yandiri kuda kuimba nezvayo, ndicho chinhu chinotevera.

PaZita raJesu tichigwadama,  
Tichiwa tozvambarara patsoka Dzake,  
Mambo namadzimambo eKudenga  
tichaMugadza korona,  
Kana rwendo rwedu rwaguma. (Maona?)

Tora Zita raJesu pamwe newe,  
Senhowo kubva kumiteyo yose;  
Kana miyedzo yaungana yakakumomotera,  
Ingozevezera Zita iri Dzvene mumunamato.

Ndizvo zvoga. Simudza ruoko urwo uteerere mabhureki achirira! Maona? Maona?

Zevezera Zita Dzvene iri mumunamato.

Zita rakakosha, O rinotapira sei!  
Tariro yenyika nemufaro weDenga;  
Zita rakakosha, (Oh, Zita rakakosha!) O  
rinotapira sei!  
Tariro yenyika nemufaro weDenga.

<sup>289</sup> Ngatitaure izvozvo zvakare, isu tese pamwe chete. Iwe unoti kudii? Ngatitorei vhesi iro zvakare, rokuti, “Tora Zita raJesu pamwe newe, seNhowo kubva kumiteyo yese.” Ngatirwuimbei zvino takavhara maziso edu.

Tora Zita raJesu pamwe newe,  
 Senhowo kubva kumiteyo yose; (Zvino  
 teerera. Unoita sei?)  
 Kana miyedzo yaungana yakakumomotera,  
 (Chii chaunofanira kuita?)  
 Zevezera Zita Dzvene iri mumunamato.  
 Zita rakakosha, (Zita rakakosha!) (O  
 rinotapira sei!)  
 Tariro yenyika ne . . .

[Hama Neville vanotaura kuna Hama Branham—Mupepeti]  
 (Handidaro. Kwete, ndaka—Ndakati shoshomei zvishoma, ndati  
 shoshomei zvishoma, saka handichataura . . . ? . . . Munoda here  
 kuparadzanisa . . . ? . . . Kwete, zvakanaka, imi endai mberi,  
 zvakanaka.)

Tariro yenyika ne . . .

Hama Neville, mufundisi wenyu, zvino.



*CHIKRISTU CHICHIPESANA NEKUNAMATA ZVIMUPUNZO* SHO61-1217  
(Christianity Versus Idolatry)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, Zvita 17, 1961, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)